

Kit pou Fòmasyon sou Sekirite Alimantè Endistri Mango a

Izin



**Producing Safe
Mangos**

Mango
.org



ENTWODIKSYON

Pwogram ki anndan kit pou Fòmasyon sou Sekirite Alimantè Endistri Mango a (an anglè Mango-FSTK), yo kreye l pou l menm jan nan chak etap chèn alimantè endistri a. Selon pwogram wap itilize a, wap jwenn fòmil pou fè endistri a mache, ak matyè pou bay anplwaye yo fòmasyon sou kesyon materyèl pou yo kiltive ak rekolte, sou izin yo ak sou depo pwodwi enpòte yo. Kit sa kouvri divès chan fòmasyon ki koresponn ak plizyè estanda sekirite alimantè yo aplike nan tout endistri mango a.

Nan kit fòmasyon sou sekirite alimantè a, genyen 4 lesson ki fèt menm pou bay anplwaye endistri mango a konesans, kapasite pou yo fè travay la epi bon jan eksplikasyon sou pwoesi sekirite alimantè. Yap jwenn eksplikasyon tou sou règleman yo dwe swiv lè yap travay nan endistri sa a. Men, tout konpayi pa menm, yo chak ka genyen metòd pa yo ak règ pa yo.

Anvan yo bay fòmasyon sou sekirite alimantè nan yon bitasyon/izin/depo, fò fòmatè yo byen konprann lesон yo e fò yo alèz pou prezante yo. Fò yo li dokiman sa byen li pou yo ka wè si yo konprann sijè a ak pwogram nan.

Men seksyon wap jwenn nan kit fòmasyon sou sekirite alimantè (Mango-FSTK) a:

Seksyon 1. Rezime ak Prezantasyon Global kit pou Fòmasyon sou Sekirite Alimantè Mango a.

Seksyon 2. Gid fomatè a.

Seksyon 3. Plan lesон yo.

Lesson 1. Tou sa pou w konnen sou sekirite alimantè mango a.

Lesson 2. Fason pou w pwòpte kò w.

Lesson 3. Lave men epi Sèvi ak gan.

Lesson 4. Kontaminasyon kwaze nan bitasyon/izin/depo.

Seksyon 4. Lòt materyèl an plis.

Lesón yo prezante sou 2 fòm: sou fòm Powerpoint epi sou fòm Tablo papye yo ka tilize nan bitasyon, nan izin ak nan depo pwodwi enpòte yo.

Remèsiman

Men moun ki prepare Kit Fòmasyon pou Sekirite Alimantè Mango a:
Doktè Sergio Nieto-Montenegro ak José Luis Almanza Rubio
Konpayi Food Safety Consulting & Training Solutions, LLC;
www.foodsafetycts.com



Nap remèsyen Luisa Ortega, Saraí Tarango, Robson Machado, Marcia Jasmin, Mônica Ishikawa Virgolino da silva epi Edwin Carrillo paske yo pote kole avèk nou pou foto, tradiksyon, edisyon, grafik dizay ak fòmataj pwogram nan.

Nap remèsyen konpayi ak òganizasyon sa yo paske yo pèmet nou pran foto enstalasyon yo e paske yo ede nou korije pwogram nan: Agrícola Luque S.A. de C.V., Amazon Produce Network, LLC, APEM, EMEX A.C., Frutas y Legumbres de la Costa Sur de Jalisco, S.A. de C.V., Naturafrut Bautista, S.P.R. de R.L. de C.V., Productos Agrícolas Amex, S. de R.L. de C.V., PROMANGO, Rodeva, S.P.R.de R.L. ak Sociedad de Productores Agropecuarios del Valle de Tomatlán, S.P.R. de R.L.

Héctor Reyes ki reprezante EMEX A.a., Johana Ramírez ki reprezante APEM epi Reyde del Rosario ki reprezante PROMANGO patisipe nan koreksyon ak dènye travay pou mete pwogram nan kanpe.



Dwa repwodiksyon © 2014 pou Konsèy Nasional Mango (National Mango Board) ak konpayi Food Safety and training solutions, LLC.

Tout dwa rezève. Pèsonn pa gen dwa repwodwi okenn pati nan dokiman sa ni fèl sikile san yo pa gen pèmisyon.

National Mango Board, P.O. BOX 140903, Orlando, FL 32803

Food Safety Consulting & Training Solutions LLC, 2300 George Dieter Drive, El Paso, TX 79936

Nou ta renmen fè n konnen ke tout sitiyasyon anòmal ki sou foto yo se montaj yo ye.

Avètisman

Konsèy nasional mango a (an anglè NMB), yon seksyon nan Depatman Agrikilti Etazini, finanse atelye sa pou sipòte endistri mango a. Gen gwo jefò ki fèt pou verifye si dokiman sa gen bon kalite enfòmasyon. Men, Konsèy nasional Mango (NMB)a ak Food safety consulting & training solutions, LLC pa reskonsab, ni dirèkteman ni indirèkteman, lide ak mesaj ki nan dokiman saa, li pa reskonsab non plis erè ki ta va fèt oubyen enfòmasyon yo blyie bay. Kidonk yo pap pran okenn reskonsablitè legal pou pèt ak domaj ki soti nan jan yo sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman an.



Tab matyè

Seksyon 1. Prezantasyon Global sou Kit pou Fòmasyon sou Sekirite Alimantè Endistri Mango a (Mango-FSTK)	7
Piblik	8
Vizyon ak objektif	9
Rezime lesон yo	10
Kòman pou sèvi ak kit pou Fòmasyon sou Sekirite Alimantè Endistri Mango a (Mango-FSTK)	11
Seksyon 2. Gid fomatè a	16
Fòma prezantasyon lesон yo	16
Konsèy pou w jwenn bon rezulta nan sesyon fòmasyon yo	18
Dokiman pou Fòmasyon sou sekirite alimantè a	22
Evaliyasyon fòmasyon sou sekirite alimantè a	22
Swivi ak kontwòl	23
Seksyon 3. Plan lesон yo	25
Leson 1. Sa pou w konnen sou Sekirite Alimantè Mango	27
Paj diskisyón: Kriz entoksikasyon	31
Paj diskisyón: Jan de bagay ki ka kontamine Mango yo	35
Leson 2. Fason pou pwòpte kò w	45
Paj diskisyón: Pwòpte kò w	47
Aktivite 1: Korèk/ Pa korèk	66
Leson 3. Lave men epi Sèvi ak Gan	77
Paj Diskisyón: Lave men	78
Aktivite 1: Lave men ak pwodwi GloGerm	92
Leson 4. Kontaminasyon kwaze nan bitasyon/izin/depo	95
Paj diskisyón: Kontaminasyon kwaze	96

Seksyon 4. Lòt materyèl an plis	118
Postè	119
Kanè fòmasyon	123
Tès	124
Sètifikasi patisipasyon	128



Seksyon 1.

Prezantasyon global sou Kit pou Fòmasyon sou Sekirite Alimantè Endistri Mango a

Prezantasyon global sou kit pou Fòmasyon sou Sekitire Alimantè Endistri Mango a

Kit pou Fòmasyon sou Sekirite Alimantè Endistri Mango a (Mango-FSTK an anglè) kreye dapre yon evaliyasyon ki montre ke endistri mango a bezwen sekirite alimantè, epi dapre detay fòmasyon sou sekirite alimantè ou jwenn nan pwogram agrikilti United Fresh Harmonized Good Agricultural Practices (Harmonized Gap) la, ak lòt metòd endistri a itilize. Leson yo fèt pou bay moun kap travay nan mango konesans epi ede yo devlope kapasite yo bezwen pou pwodwi yo gen mwens chans kontamine.

PIBLIK

Kit pou Fòmasyon sou Sekirite Alimantè Endistri Mango a kreye pou sipèvizè pwodiksyon, pèsonèl kap fè kontwòl kalite, jeran bitasyon ak izin yo epi/oubyen konsiltan prive ki vle bay yon fòmasyon sou sekirite alimantè nan yon bitasyon mango, yon izin oubyen yon depo. Leson yo fèt espesyalman pou anplwaye kap jere mango pandan rekòt, lè yap pake yo, transpòte yo epi konsève yo. Pwogram sa vize dirèkteman moun kap rekolte yo, anplwaye bitasyon yo ak anplwaye ki nan divès izin mango yo ak nan zòn yo konsève mango yo. Men, lòt anplwaye ki ta ka nan manyen mango yo kapab resevwa fòmasyon an tou.

Nou kwè li ta bon pou sipèvizè yo, jeran yo ak mèt konpayi yo patisipe nan fòmasyon sou sekirite alimantè a. Konsa anplwaye yo ap wè ke konpayi a vle pran yon angajman serye pou li swiv pwogram sa nan tout nivo òganizasyon an.

Leson ki nan kit sa a te fèt espesyalman pou yo konsidere tout kalite pratik ki genyen nan endistri mango a.

Nap jwenn pwogram sa an Anglè, Espanyòl, Pòtigè e nan kèk ka an kreyòl Ayisyen. Itilizasyon pwogram sa a pèmèt chak anplwaye endistri resevwa menm fòmasyon nesesè sou sekirite alimantè, kelkeswa moun ki prezante l la, kit se sipèvizè nan yon menm konpayi, pèsonèl kap fè kontwòl kalite, fòmatè ki sot lòt kote oubyen konsiltan endepandan.



Bi ak objektik

An gwo bi Fòmasyon sou Sekirite Alimantè Endistri Mango a se veye ke mango yo pa kontamine pou moun kapab manje yo san kè sote.

Men ki objektif Fòmasyon sou Sekirite Alimantè Endistri Mango a genyen ekzakteman:

- Bay anplwaye endistri mango ki sou bitasyon, izin ak depo enpòtasyon materyèl pou fòmasyon sou sekirite alimantè ak pou pran swen kò. Materyèl sa yo la espesyalman pou yo.
- Kreye materyèl ki pèmèt moun aprann sou seksyon sekirite alimantè e ki maché avèk menm pratik ki genyen nan endistri mango a.
- Ede endistri mango a bay bon rannman nan odit ekstèn sou fòmasyon sou sekirite alimantè ki dwe fèt nan bitasyon, izin ak depo.

Rezime lesон yo

Men Ki lesон wap jwenn nan pwogram nan:

Lesson 1. Sa pou nou konnen sou sekirite alimantè mango

Nan lesон sa a, fòmatè a pral dekri konsèp sekirite alimantè a ak enpòtans li genyen pou endistri mango a. Fòmatè a pral eksplike tou kisa kriz entoksikasyon alimantè ye e kòman l ka aji sou endistri mango a. Lefini fomatè a ap prezante 3 kategori pwazon pou mango yo epi lap bay kèk egzanp kontaminasyon ki ka genyen sou yon bitasyon, nan yon izin oubyen yon depo.

Lesson 2. Fason pou pwòpte kò w

Fòmatè a ap dekri konsèp zafè pwòpte kò a ak enpòtans li genyen pou sekirite alimantè. Leson sa kouvri tou 3 pwen ki enpòtan anpil pou pèmèt pwodwi bon kalite mango pou moun manje. 1) Rad pwoteksyon 2) Abitid pèsonèl ou 3) Sante w ak blese. Pou chak pwen sa yo, fòmatè a pral eksplike epi montre kisa ki pou fèt, ki konpòtman pou anplwaye a genyen pou mango yo pa rive pran mikwòb.

Lesson 3. Lave Men e Sèvi ak Gan

Pou mete aksan sou yon bon lijyèn pèsonèl, pandan lesон sa a fòmatè a ap eksplike objektif lave men an ak pi bon fason pou li fèt nan travay la. Li dekri tou pi bon fason pou sèvi ak gan pou konbat kontaminasyon. Pou chak pwen sa yo, fòmatè a pral eksplike epi montre kisa ki pou fèt, ki konpòtman pou anplwaye a genyen pou mango yo pa rive pran mikwòb.

Lesson 4. Kontaminasyon kwaze nan bitasyon/izin/depo

Nan lesон sa, fòmatè a pral dekri konsèp kontaminasyon kwaze a avèk sa ki ka lakòz li, poukisa li ka reprezante yon pwoblèm nan pwodiksyon mango ak enpòtans li pou sekirite alimantè. Nan lesон sa tou, nap wè estrateji sekirite alimantè pou anpeche kontaminasyon kwaze.

Fòmatè a ap bay an detay diferan ka ki ka prezante sou bitasyon/izin/depo yo e ki ka lakòz pwodwi yo kontamine. Pami sitiyasyon sa yo, nou genyen kesyon bêt kap rantre, moso vit, move jesyon materyèl ak move jesyon dlo nan basen kote yo lave pwodwi yo, elatriye.

Pwogram sa a ki te kreye pou izin ak depo enpòtasyon genyen ladan li kèk paj an plis ki bay enfòmasyon sou sa nou dwe konnen sou pwoteksyon mango. Nan pati sa a, pwogram nan dekri diferan mezi yo ka pran pou kontre kontaminasyon entansyonèl mango yo.



Kijan pou itilize Kit pou Fòmasyon sou Sekirite Alimantè Endistri Mango a (Mango-FSTK)

Kit pou Fòmasyon sou Sekirite Alimantè Endistri mango a genyen plizyè pati:

Seksyon 1. Prezantasyon global Kit pou Fòmasyon sou Sekirite Alimantè Endistri Mango

Seksyon 2. Gid fòmatè yo

Seksyon 3. Plan lesон yo

Seksyon 4. Lòt materyèl an plis

An plis de klasè a, kit la gen yon kle USB ladan I avèk dosye elektwonik pou tout pati pwogram nan avèk lòt materyèl yo.

Apre sa gen yon ti deskripsyon tou sou chak seksyon.

Seksyon 1. Prezantasyon global Kit pou Fòmasyon sou Sekirite Alimantè Endistri Mango

Seksyon sa dekri objektif pwogram fòmasyon an e li bay rekòmandasyon sou jan yo dwe prezante I. Li bay enfòmasyon tou an detay sou jan pou yo sèvi ak pwogram nan.

Seksyon 2. Gid Fòmatè yo

Gid fòmatè yo genyen enfòmasyon enpòtan sou jan yo dwe planifye epi jere yon bon sesyon fòmasyon. Fòmatè yo dwe byen konprann gid la anvan yo bay yon fòmasyon pou yo ka sèten ke eksperyans la ap bay rezulta epi ap fasil. Pati sa a gen enfòmasyon sou kontwòl ak swivi ki dwe fèt lè fòmasyon an fini. Genyen lòt enfòmasyon ladan I sou kontwòl, egzèsis, aplikasyon règ sekirite alimantè yo nan bitasyon/izin/depo. Fò w sèten ke w diskite sou sijè sa yo avèk siperyè w nan bitasyon/izin/depo kote fòmasyon an pral fèt la.

Seksyon 3. Plan lesон yo

Plan lesон yo se nannan Kit pou Fòmasyon sou Sekirite Alimantè Endistri mango a (Mango-FTSK an anglè), se pou sa li fondamantal pou fòmatè yo konprann yo nèt anvan yo kòmanse fè fòmasyon pou anplwaye sou bitasyon/ Izin/depo yo.

Premye paj chak plan lesон gen yon ti rezime tou kout sou lesон an limenm ak objektif aprantisaj ke yo dwe wè pandan sesyon fòmasyon an. Nan kèk ka, objektif sa yo reprezante konpetans anplwaye a dwe vinn genyen.

Nan plan chak lesон, wap jwenn yon paj prezantasyon ki matche avèk pati wap wè a. Paj lesон yo gen paj powerpoint ke yo pral pase pou patisipan yo. Anba chak paj powerpoint gen yon tèks fòmatè ya dwe itilize pou eksplike materyèl ki andan l yo. Nan pati sa tou ou ka jwenn enfòmasyon ant kwochè e an italik ki la pou fòmatè a sèlman. Pa li tèks ki ant parantèz yo pou patisipan yo kap swiv fòmasyon an. Fòmatè a dwe sèvi ak enfòmasyon sa yo pou rann eksperyans la pi enteresan pou patisipan yo. Nan pwogram fòmasyon sa a genyen plizyè aktivite ki matche avèk kèk nan pati ou pral wè yo. Ou pral genyen pou w adapte aktivite sa yo yon jan espesyal pou yo ka itil patisipan yo, kidonk fò w byen repase enfòmasyon yo ba w sou chak aktivite an detay. Wap jwenn aktivite tou sou paj powerpoint yo. Fò w sonje ke kèk nan aktivite sa yo mande yon

Seksyon 4. Lòt materyèl an plis


Nan pati sa genyen postè ou ka sèvi avè yo apre seyans fòmasyon yo pou sijè ki tap diskite nan klas la pi byen chita nan tèt patisipan yo. Li ta itil pou yo distribye yo tou pou pèmèt anplwaye yo sonje swiv règ pwòpte ak abitid sekirite alimantè yo lè yo nan travay.

Nan pati sa a tou genyen yon fèy prezans ak yon tès sou sekirite alimantè pou gade si patisipan yo aprann e konprann materyèl la. Pou fini, gen yon sètifica patisipasyon ladan l tou. Yo ka ranpli l, enprime l epi bay chak patisipan yo lè fòmasyon an fini.



Egzanp yon Paj Plan yon Leson

**Kit pou Fòmasyon sou Sekirite Alimantè
Endistri Mango a**



**Kopi Paj
Powerpoint
yo**

Poukisa nou la?

Jodya nou la pou nou ka resevwa yon fòmasyon sou sekirite alimantè pou travay nap fè nan bitasyon/izin/depo. Jan anpil nan nou konnen l, konpayi nou an ap fè eksperyans e déjà fè eksperyans sou pwogram bon pratik agritè (Good Agricultural Practices) oubyen sou yon pwogram sekirite ak Kalite manje, selon ka a. Nou chak ki la jwe yon wòl enpòtan nan pwogram sa.

Kliyan nou yo ak moun kap fè enspeksyon sou jan konpayi nou an travay mande pou tout aniplwaye kap travay nan pwodiksyon mango, nan met mango nan bwat e/oubyen nan zòn depo yo pou yo resevwa yon fòmasyon sou sekirite alimantè.

[Premye lesson an pou bitasyon, izin ak depo yo. Tèks la pale de bitasyon/izin/depo. Ou menm wa itilize mo ki matche travay ou fè a.]

**Tit Paj
Powerpoint
la**

Tèks la

Fòmatè a kapab sèvi ak tèks sa pou eksplike materyèl ki nan dokiman powerpoint la. [Nan pati sa tou ou ka jwenn enfòmasyon ant kwochè e an Italik ki la pou bay fòmatè a endikasyon sou jan li dwe prezante yon seri de matyè. Yo pa dwe li enfòmasyon sa yo pou patisipan yo].

Aktivite

Moun aprann pandan yap fè aksyon. Kit pou Fòmasyon sou sekirite alimantè endistri mango a genyen plizyè aktivite ladann I ki pou pèmèt patisipan yo aprann pi byen. Fòmatè yo ap wè ki lè pandan sesyon fòmasyon an, yo dwe prezante aktivite yo nan plan lesion yo. Genyen nan aktivite yo ki tou anndan paj prezantasyon yo ki pa bezwen preparasyon. Men gen de aktivite ki merite pou yo ta planifye yo anvan fòmasyon an kòmanse. Yo bay tout sa pou fòmatè a konnen nan plan lesion yo. Chak paj enfòmasyon ap gen 3 seksyon:

1. Objektif aktivite yo. Pati sa dekri enfòmasyon fòmatè a pral prezante oubyen ke I pral ranfòse nan yon aktivite.

2. Materyèl. EPati sa bay ki materyèl yo pwal bezwen pou fè aktivite a. Fò w repase omwen yonn oubyen de semèn davans, epi anvan sesyon fòmasyon an kòmanse, pou w verifye si tout bagay pare pou aktivite a.

3. Pwosedi. Pati sa a dekri pa ki etap pou fòmatè a pase pou prepare epi menen yon aktivite.



Bon fason pou w lave men w

Gen yon fason estanda pou w lave men w. Tout anplwaye nan izin nan dwe swiv li. Si w selman moye men w ak dlo byen vit, sa pa sifi pou tiye milkwòb ak pwoodi chimik ou gen nan men w. Pi ba nopl jwen senk (5) etap pou nou swiv kap montre nou kijan pou nou byen lave men nou:

- Etap 1: Moye men nou ak dlo pwòp.
- Etap 2: Savonnen men nou.
- Etap 3: Frôte men w ak ponyèt nou pandan 10 a 15 segond pou pi pit.
- Etap 4: Rense men w ak dlo pou w ka retire tout savon on.
- Etap 5: Seche men w ok yon sélyèt an payye ke wap jeté aprè.

Si pa gen savon ak payye kote pou w lave men w lan, di sjèlvrè a sa touswit pou yo ka okipe yo de sa.

81

Paj powerpoint sa avèti w pou w konnen kilè ou dwe fè yon aktivite epi li gen enfòmasyon pou ede w planifye epi menen aktivite a. Wap jwenn yon lis materyèl tou ladan I.



Seksyon 2. Gid fòmatè a

Gid fomatè a

Leson ki nan Kit pou Fòmasyon sou Sekirite Alimantè Endistri Mango a fèt pou pèmèt bitasyon, izin ak depo yo pwodwi bon kalite mango ki mache ak règleman sou sekirite alimantè yo abitye itilize nan endistri mango a.

Nan chak lesон, nou transmèt epi ranfòse konsèp yo pandan nap sèvi ak prensip edikasyon yo itilize pou granmoun pou fè mesaj sou risk sekirite alimantè yo pase, epi sijè diskisyon, demontrasyon avèk aktivite pratik yo tou. Se reskonsablite chak bitasyon/izin/depo pou verifye si konesans ak kapasite pwogram nan ofri a byen aplike e byen kontwole.Nan pati sa nap jwenn konsèy pou nou ka kreye pi bon anviwònman aprantisaj yon pwogram fòmasyon ta kapab genyen.Souple li I byen li anvan w kòmanse pwogram nan.

Fòma yo prezante pwogram nan

Objektif aprantisaj, matyè, fòma prezantasyon, sijè diskisyon ak aktivite pratik ki nan kit sa kreye pou ofri meyè anviwònman aprantisaj ki genyen pou fòme travayè endistri mango yo sou sa yo bezwen konnen sou sekirite alimantè.Chak leson prezante sou fòm paj elektwonik ak lòt èd vizyèl ki ta dwe mande 10 a 25 minit konsa pou kouvri yo.

Pami tout jan ki genyen pou prezante pwogram fòmasyon an, fason ki pi fasil la se prezante li sou fòm powerpoint. Men kòm gen de espas fòmasyon ki pa gen odinatè ak projektè, gen 2 lòt jan nou bay fòmasyon an: nou ka itilize sa yo rele yon flipchart (yon tablo papye) epi nou ka itilize fèy enprime. Kelkeswa fòma w itilize pou bay fòmasyon an, wap kapab jwenn rezulta depi w wè tout materyèl ki nan chak leson.



Paj Powerpoint

Nou prezante paj powerpoint la ak lot èd vizyèl paske se yonn nan pi bon fason ki genyen pou prezante lesyon yo. Pou metòd sa, wap bezwen yon laptòp ki genyen Mikrosoft powerpoint oubyen pwogram prezantasyon powerpoint sou li epi yon projektè pou òdinatè. Kòm dosye pwogram nan lou anpil, fò w kopye yo sou disk di òdinatè a anvan w sèvi avè yo.

Postè ak fèy enprime

Gen yon metòd ki pa bezwen anpil teknoloji pou prezante materyèl yo: Se enprime postè ak fèy pou bay patisipan yo. Lè konsa, chak moun dwe swiv an menm tan ak pwofesè a pandan lap fè lesyon an.

Flipchart (tablo papye) Kit pou Fòmasyon sou sekirite alimantè endistri mango a

Yo kreye pwogram sa yon jan pou moun kapab baze sou imaj ak èd vizyèl ki genyen mesaj tou senp ladan yo. Pou w sèvi ak flipchart (tablo papye) kit sekirite alimantè a, mete li sou yon tab epi vire paj yo.

Chak paj gen yon imaj ki matche ak tèks ki sou paj ki vin apre a. Chak paj gen yon nòt fòmatè a kapab li pou patisipan yo pou eksplike yo sa imaj la vle di. Lè fòmatè a fin li, fò l vire paj la pou l ale nan yon lòt. Li pa bezwen konnen tèks yo pa kè men pou fomasyon l lan ka pi bon, li dwe konnen matyè a byen epi konprann li byen.

Kèk konsèy pou amelyore seyans fòmasyon yo

Toujou sonje ke si patisipan yo raz, fatige, grangou oubyen distrè yo pap aprann jan yo ta dwe aprann nan. Otan yon patisipan viv fòmasyon an tankou yon amizman, otan lap gen kapasite pou l aprann. Se pou tèt sa, fò yo alèz nan fòmasyon yo, fò k fòmasyon yo enteresan an menm tan fò k anviwònman travay la chita sou respè epi bay enpresyon zafè sekirite alimantè a se yon bagay serye.

Kwè nan pwogram fòmasyon an: fòw kòmanse pa pwen enpòtan sa a pou devlope abitid sekirite alimantè. Moun aprann pi byen le yap "fè" ke le yap tandé. Leson yo ap pèmèt patisipan yo fè egzèsis pratik pou ranfòse enfòmasyon yo. Li lesон yo epi rasanble materyèl aktivite ki pi fasil pou rasanble yo an avans. Men kèk konsey pou w ka pèmèt patisipan yo byen profite chak fòmasyon:



Fè devwa w

Pran yon kopi règleman sou sekirite alimantè pou bitasyon/izin/ depo a epi gade byen si mesaj ou fè pase nan fòmasyon an egal ak sa yo di nan règleman yo. Pa egzanp, gen konpayi ki di men ak kisa pou anplwaye yo kouvri cheve yo oubyen genyen ki ka gen règ pa yo pou itilizasyon gan lè travayè ap manyen mango yo, genyen tou ki gendwa pa genyen règ sou kesyon fimen etc.



Kote pou lave men

Twazyèm leson an aprann ou kòman pou w lave men, petèt se pwen ki pi enpòtan nan pwogram fòmasyon an. Se pou sa li enpòtan pou w prezante leson an tou pre yon kote moun lave men oubyen tou pre yon twalèt ki gen lavabo. Anvan w kòmanse fòmasyon an, gade byen si kote yo lave men an gen dlo, si l gen savon, sevyèt an papye ak yon poubèl.

**Lokal**

Leson fòmasyon sou sekirite alimantè yo fèt pou prezantasyon nan sal konferans oubyen nan bitasyon/izin/depo. Si lokal la pa gen yon sal konferans ki byen ekipe, fè imajinasyon w travay epi kreye yon lokal k'ap pèmèt ou fè yon bon fòmasyon. Ou ka pran kafeterya anplwaye yo, yon depo, yon chop oubyen yon sal ki andann konpayi a. Yonn nan kote sa yo ta kapab pèmèt ou fè fòmasyon an.

**Jere tan an**

Chak lesон ta dwe dire tankou 10 a 25 minit. Yo dwe prezante lesон yo yon sèl kou. Si tan an twò kout oubyen si w remake patisipan pa ka konsantre pou lontan, fè lesон yo fè 4 seyans pou prezante sou plizyè jou.

Si w planifye pou w fè fòmasyon an nan lè manje oubyen lè poz yo, travayè yo pwal vle panse a manje a. Moun yo gen abitid manje nan travay la, donk, toujou sonje sa lè wap planifye fòmasyon yo. Toujou evite fè yon seyans nan apremidi lè anplwaye yo bouke e pare pou yo ale lakay yo.

Yo peye travayè yo a la pyès : sa tou kapab yon pwoblèm pou planifye fòmasyon yo. Travayè yo gen dwa wè fòmasyon yo tankou yon gaspiyaj tan e yo kapab pa vle vin patisipe paske yo pap touche pou tan yap pran fòmasyon an. Konpayi ki peye anplwaye yo pandan yap swiv fòmasyon yo fè yon envestisman ki kapab pwoteje yo pi devan. Kòm fòmatè, fòw klè sou enpòtans fòmasyon sou sekirite alimantè pou travayè epi pou konpayi an jwenn bon rezulta. Sonje, Kwè nan pwogram fòmasyon an, fò w kòmanse pa pwen enpòtan sa a pou w ka devlope bon abitid sekirite alimantè.



Preparasyon

Li enpòtan pou fòmatè a rive bonè sou sit fòmasyon an pou l gade si tout materyèl li ap byen fonksyone e pou l wè si yo pare. Petèt, sa enpòtan tou, sa ka vin pèmèt li pale ak patisipan yo pandan yap rive. Sa ap ede mete yon bon anbyans. Respekte tan lòt yo: kòmanse fòmasyon an a lè epi jere tan an pou l byen rantre nan orè yo tabli a.



Grosè klass la

Li ta pi bon pou w fè klas ki pa gen anpil moun paske gen de moun ki timid lè yo nan gran gwoup. Pou fè moun yo patisipe plis epi kreye yon bon anbyans pou moun aprann, pa mete plis pase 15 anplwaye nan yon klas. Si w se yon fòmatè ki pa gen eksperyans li tap pi bon siw kòmanse avèk yon ti gwoup epi pitit, ogmante nan patisipan yo jiskaske w santi w alèz ak materyèl yo.



Ekran projeksyon

Si se prezantasyon powerpoint wap itilize wap bezwen yon ekran pwojeksyon oubyen yon mi ki gen yon penti klè sou li, ki pa gen okenn bagay ki ka anpeche moun wè oubyen ki ka defòme imaj yo. Fòk tout patisipan yo kapab wè ekran an.



Chèz

Veye si chak patisipan yo jwenn yon plas pou yo chita alèz. Sa pwal ankouraje yo swiv pandan fòmasyon an. Si n paka jwenn chèz pandan fòmasyon an, eseye fè fòmasyon an kout san w pa retire nan enfòmasyon yo.



Manje ak bwason

Bay yon ti goute byen senp oubyen bay manje pou gwoup la kapab rete dispoze pou l swiv pandan fòmasyon an.

**Limyè**

Si w pwal fè yon pwojeksyon, fò k limyè ki nan sal la fèb ase pou pèmèt patisipan yo wè detay ki sou ekran an oubyen pou yo ka wè anlè. Men, limyè ki fèb kapab bay anvi domi epi fè moun yo swiv mwens.

**Kouran**

Li enpòtan pou priz kouran yo mache byen e byen plase kote fòmasyon an ap fèt la. Sonje ke w ka bezwen ralonj pou yon ôdinate ak yon pwojektè.

**Bri ak Distraksyon**

Pa dwe gen bri Kote w chwazi fè fòmasyon an pou moun yo kapab tandem fòmatè a byen epi pou diskisyon yo kabap fèt san distraksyon. Pa gen anyen ki pi mal pase yon sitiayson kote yon fòmatè dwe ap rele pou yo tandem I nan yon pyès kote plen bri materyèl ak jeneratris, pou I eseye kenbe yon anbyans ki pèmèt moun aprann. Yon kote ki gen twòp bri pap ka pèmèt moun aprann. Se sak fè tou tout patisipan yo dwe fèmen selilè yo..

Pare dokiman ki pwouve fòmasyon sou sekirite alimantè a fèt

Si yon kliyan oubyen yon konsiltan pwal fè yon kontwòl sou plan sekirite alimantè w la, pare pou w bay yon prèv ki montre anplwaye yo resevwa fòmasyon an tout bon. Yon règleman ekri konpayi a ke yo bay yon anplwaye pandan oryantasyon, oubyen yon deklarasyon travayè a ki di ke lap swiv règ sekirite alimantè yo, an jeneral pap sifi.

O kontré moun kap fe kontwòl la ap mande yon rapò oubyen papye fòmatè oubyen konsiltan an ki dekri tip enfòmasyon to te bay nan fòmasyon an, dat la, kote a ak yon lis prezans. Yonn nan pi gwo reskonsablite fòmatè a se verifye si tout patisipan yo siyen fèy prezans la nan kòmansman sesyon fòmasyon an. Fò yo ranpli papye sa yon kote ki si avèk lòt dokiman yo bezwen pou kontwòl la fèt. Seksyon 4 kit la gen yon egzanp yon kanè pou enprime epi sèvi avè l pou dokimante chak sesyon fòmasyon. Wap jwenn tou yon sètifikasi prezans sou fòm fòmilè ke yo ka enprime epi bay chak travayè lè yo fini pwogram nan.

Evalye Fòmasyon sou Sekirite Alimantè a

Fò w kontinye fè evaliyasyon tèt ou pou w wè nan ki pwen ou reyisi fòmasyon an. Nan seksyon 4 la gen yon tès konesans ou ka sèvi avè l pou ka wè a ki pwen patisipan yo konprann matyè a. Men 3 jan ou ka itilize tès la:

1. Bay tès la dirèkteman apre lesson an. Sa pwal ba w yon lide sou jan patisipan yo konprann klas la. Moun ki fè pi piti nòt pa rapò a rès klas la kapab merite pou yo ba l yon atansyon espesyal oubyen repran fòmasyon an.
2. Anvan ak apre tès la. Lè w bay tès la anvan fòmasyon an kòmanse epi dirèkteman apre fòmasyon an fin fèt ap montre kòman fòmasyon an amelyore konesans travayè a sou kesyon sekirite alimantè. Sa pwal diw tou si jefò w yo jwenn rezulta e lap ede w wè ki moun ki ka bezwen fòmasyon an plis.
3. ATès swivi. Rebay patisipan yo tès plizyè semèn oswa plizyè mwa apre yo fin pran fòmasyon an ap montre w si yo toujou sonje sa yo te aprann nan. Nòt fèb yo ap bay siyal pou w konnen si li lè pou bay yon lòt fòmasyon ankò.

Yon lòt bagay pou nou konsidere se metòd pou fè tès pou sak pa konn li ak ekri yo. Yon bon solisyon ta va pou w bay moun yo tès la fas a fas, li kesyon yo pou yo epi mete repons yo sou fèy wap bay nòt la.



Swivi ak Kontwòl règleman yo

Pran yon ti konesans pa toujou sifi pou fè yon chanjman pozitif nan konpòtman moun. Sa vle di, anplwaye a mèt konnen lave men nesesè pou sekirite alimantè, sa pa vle di lap lave men I plis pou otan. Pou lave men ak lòt pratik pwòpte tounen yon abitid, li obligatwa pou fè swivi ak kontwòl.

Angajman direskyon an se kle pou yon pwogram sou sekirite alimantè reyisi e se menm bagay pou fòmasyon sa a. Men, li toujou difisil pou jeran ak pwopriyetè pou yo veye ke moun yo aprann pratik yo kontinye swiv règ yo chak jou.

Rechèch otè a fè nan inivèsite Penn State montre ke li difisil pou sipèvizè ak lòt moun kap jere yo rive fè travayè yo kenbe ak pratik sekirite alimantè yo paske chak jou yap fè menm bagay la nan bitasyon/Izin/depo yo e yo abitye gen travay konplike deja ki mande pou yo aplike règleman pou lòt kalite bagay.

Se pou sa apre yon fòmasyon fò yo kontwole si règ sekirite yo respekte. Moun ki reskonsab travay sa ap jwe yon wòl enpòtan pou pwogram sou sekirite alimantè bay rezulta. Men kèk konsèy sipèvizè yo oswa lòt moun kap jere yo ka swiv pou fè pwogram nan bay bon jan rezulta:

Pou yon pwogram sou sekirite alimantè bay rezulta, fò sipèvizè a bay travayè yo règleman nan respè:

Fò sipèvizè yo pa pè mande anplwaye yo pou yo lave men yo. Si yo poko fè li, fò yo mande yo pou yo fè I. Si yon anplwaye ap aji mal, di I kisa pwoblèm nan ye epi montre li ki jan pou li fè travay la. Sipèvizè a ap fè anplwaye yo aplike règleman yo pi byen si yo fè sa nan respè. Olye pou yo pale di oubyen pale fò, li ta bon pou yo itilize mo tankou "souple", "mèsi", pa gen pwoblèm", "m ta renmen w fè sa", "ann travay ansanm sou sa". Si yon travayè ap plede refè menm erè a, pale avè I apa. Pa janm fè I wont devan lòt yo paske li pa nesesè pou gate anbyans travay la.

Yon kontwòl sekirite alimantè ki fèt souvan epi san patipri enpòtan anpil tou. Chak anplwaye ki resevwa fòmasyon an konnen kijan sa enpòtan pou l swiv règ yo. Ou pa bezwen bay ekskiz pou erè si w gen bon konpòtman.

Pa gen afè patipri sou bitasyon/izin/depo a. Si sipèviziè yo pa aplike règ yo jan sa dwa, si yap fè patipri, travayè yo pap wè poukisa yo dwe swiv règ yo. Sa ka bay pwoblèm si fanmi ak zanmi rantre ladan l tou. Men mande sipò fanmi ak zanmi kapab ede moun yo swiv règ yo.

Lè travayè yo ap swiv règleman an ak tout konsyans yo chak jou, pa blye felisite yo. Rekonpanse yon bon anplwaye detanzantan toujou pi bon pase komantè negatif ak sanksyon.



Seksyon 3. Plan lesion yo



Lesson 1.

Sa nou dwe kunnen sou zafè sekirite alimantè mango



1

Kit pou Fòmatè a pral dekri konsèp sekirite alimantè a e lap di poukisa li enpòtan pou endistri mango a. An plis, fòmatè a ap eksplike sa yon kriz entoksikasyon alimantè ye e konsekans li kap genyen sou endistri mango a. Fòmatè a ap wè 3 mòd kontaminan mango yo genyen e lap fè yon ti deba sou egzanp kontaminasyon ki kapab rive nan yon bitasyon/Izin/depo.

Sa nou dwe konnen sou sekirite alimantè mango

Izin

Producing Safe Mangos **Mango.org**

Leson 1. Sa nou dwe konnen sou sekirite alimantè mango

Nan leson sa fòmatè a pral dekri konsèp sekirite alimantè a e lap di poukisa li enpòtan pou endistri mango a. An plis, fòmatè a ap eksplike sa yon kriz entoksikasyon alimantè ye e konsekans li kap genyen sou endistri mango a. Fòmatè a ap wè 3 mòd kontaminan mango yo genyen e lap fè yon ti deba sou egzanp kontaminasyon ki kapab rive nan yon bitasyon/Izin/depo.

Nan ki objektif nap aprann

Apre leson sa a patisipan yo ap kapab:

- Di sa entoksikasyon alimantè ye e bay lis siy maladi a.
- Bay konsekans kriz entoksikasyon sa kapab genyen sou tan travay yo, sou djob yo ak sou lajan kap rantre nan fanmi yo.
- Bay 3 fòm kontaminasyon mango.
- Di ki wòl anplwaye yo jwe nan zafè sekirite alimantè.



Poukisa nou la?

Lesson 1

Poukisa nou la?

Jodya nou la pou nou ka resevwa yon fòmasyon sou sekirite alimantè pou travay nap fè nan bitasyon/izin/depo. Jan anpil nan nou konnen l, konpayi nou an ap fè eksperyans e déjà fè eksperyans sou pwogram bon pratik agrilti (Good Agricultural Practices) oubyen sou yon pwogram sekirite ak Kalite manje, selon ka a. Nou chak ki la jwe yon wòl enpòtan nan pwogram sa.

Kliyan nou yo ak moun kap fè enspeksyon sou jan konpayi nou an travay mande pou tout anplwaye kap travay nan pwodiksyon mango, nan met mango nan bwat e/oubyen nan zòn depo yo pou yo resevwa yon fòmasyon sou sekirite alimantè.

[Premye leson an pou bitasyon, izin ak depo yo. Tèks la pale de bitasyon/izin/depo. Ou menm wa itilize mo ki matche travay ou fè a.]



Kisa sekirite alimantè a ye?

Leson 1

Kisa sekirite alimantè a ye?

Pou n kòmanse kou sa a , li enpòtan pou nou konprann sa sekirite alimantè vle di. Se yon bagay nap tande tout tan nan travay nou.

Sekirite alimantè vle di ke manje a san danje pou moun kap manje l la, e nou ka bay garanti ke manje a pap fe kliyan yo malad.

Se travay nou, sitou rekonsablite nou pou nou fè mango pouse, mete yo nan bwat epi distribye yo san yo pa bay moun kap manje yo okenn pwoblèm.

Nan fòmasyon nou pral resevwa jodya, nap aprann kòman yon manje kabap tounen yon pwazon, kòman nou ka anpeche mango nou yo kontamine e koman nou ka ede bitasyon, Izin, depo yo pase enpekson Good Agricultural Practices la oubyen yon enspekson sou Sekirite alimantè ak kontwòl kalite.



Mango ak manje nou ka fè ak mango

Sa w panse de manje ki sou foto sa yo?

Kilès nan manje yo ki parèt sou tout foto yo?

Manje sa yo bèl e yo dwe santi bon epi yo dwe gou tou.

Eske w panse gen nan manje sa yo ki ka fè w malad? Si wi, poukisa? [Bay patisipan yo tan pou yo reponn].

Tout manje kapab kontamine epi fè moun malad lè yo manje yo, kèlkeswa kote yo pwodwi, kote yo mete yo nan bwat oubyen kote yo prepare yo a tankou yon plant kap grandi, lakay oubyen nan yon restoran.

Manje ki kontamine kapab gen bon gou, santi bon e menm si yo parèt bèl yo toujou ka fè w malad.

Lè nou pran nan manje ki kontamine sa rele entoksikasyon alimantè (maladi moun pran nan manje). Maladi saa pa menm jan avèk sa w santi lè w manje twòp la ki rele endijesyon.

Foto © 2014 Konsèy Nasyonal mango e jwenn pèmisyon Konsèy Nasyonal Mango. Tout dwa reseve.



Lesson 1


Entoksikasyon alimantè

Moun gen entoksikasyon alimantè lè yo manje ou byen bwè bagay ki kontamine ak divès mikwòb . Maladi sa reprezante yo gwo problèm pou sante nan lemonn.

Men kék siy maladi a kapab genyen: dyare, vomisman oubyen dezidratasyon. Nan kék ka , senptom sa yo kapab grav epi lakòz moun mouri.

Yon pwen enpòtan nan travay ou se pwoteje mango wap manyen yo pou yo pa kontamine, konsa yo pap lakòz entoksikasyon alimantè a simaye.

Sak ka lakòz yon kriz entoksikasyon alimantè rive se lè yonn oswa plizyè moun vin malad apre yo fin manje manje ki kontamine.



Chèn alimantè mango

Entoksikasyon alimantè kapab gen konsekans grav sou yon bitasyon mango, yon izin oubyen yon depo mango avèk anplwaye yo.

Si yo voye mango kontamine bay divès kliyan, chop kote w sèvi tèt ou, izin, distribitè oubyen restoran, maladi a kapab rive nenpòt kote e nenpòt ki lè.

Mango nou grandi yo epi mete nan bwat yo distribye nan plizyè peyi tankou Etazini, Kanada, Ewop ak mache lokal peyi kap pwodwi yo.

Enfeksyon alimantè ka genyen konsekans grav pou yon konpayi kap pwodwi manje e pou anplwaye yo tou.

An nou pale de yon sitiayasyon reyèl kote moun pran maladi saa epi manke mouri.



Leson 1

Istwa kantaloup la an 2011

Entoksikasyon alimantè ka genyen konsekans grav pou yon bitasyon/izin/depo mango e pou anplwaye yo tou. An nou pale de yon sitiayson reyèl ki pase an 2011 kote anbann moun te vin malad apre yo te fin manje pwodwi ki fre. Nan lane 2011 lan, 30 moun mouri epi yon fanm ansent pèdi ti bebe l'apre yo te fin manje kantaloup ki te kontamine ak yon bakteri yo rele listerya monositojèn. Sant prevansyon ak kontwòl maladi (an anglè CDC) rapòte ke gen 146 moun ki enfekte ak mikwòb sa , sa ki fè ke entoksikasyon alimantè sa a rive simaye nan 28 Eta.

Apre ankèt Administrasyon manje ak medikaman (Food and Drug administration FDA an anglè) an fè, li anonse ke Bitasyon Jensen nan Kolorado fè rantre pwodwi Rocky Ford yo, yon seri de kantaloup ki gen a revwa ak kriz kontaminasyon listerya a. Se melon sa yo ki te lakòz entoksikasyon saa simaye. Pwoblèm sa montre kijan pwòpte ak bon pratik sanitè enpòtan pou yon bitasyon/izin/depo.

FDA, kidonk Administrasyon manje aj medikaman an panse ke kriz entoksikasyon an te kapab soti nan lòt bagay tankou sèvi ak materyèl yo nan kondisyon ki pa sanitè e ki pa pwòp. Sa se yon egzanp kote ke ti pwoblèm oubyen ti bagay tou senp ka lakòz bagay yo pase trè mal si regleman yo pa respekte. Toujou sonje ke ti bagay tou senp ka vle di anpil nan zafè sekirite alimantè.



Kisa k tap rive si...? Yon kriz entoksikasyon ki soti nan mango

Ann pran yon ti tan pou nou panse a sak tap rive si yo di nan nouvèl gen plizyè moun ki malad apre yo te fin manje mango kontamine.

Eske w panse menm pwoblèm sa, yon entoksikasyon alimantè ta kapab rive nan endistri mango a?

Si yon bagay konsa rive, kisa ki tap rive bitasyon/izin/depo yo? Kisa ki tap rive travay ou a?

Si sa rive ke mango kontamine lakòz yon entoksikasyon alimantè rive, nou kwè moun yo tap sispann achte ak manje yo.

Mache a tap tonbe. Bitasyon/izin/depo mango tap oblige fèmen e anplwaye endistri mango a tap pèdi djob yo siman paske kliyan yo tap sispann achte mango.

Alòs menm si w pa malad, se ou menm ak tout fanmi w kap peye sa si yon bagay konsa ta rive.



3 mòd kontaminan yo

Leson 1

3 mòd kontaminan yo

Nou tande mo kontaminasyon an anpil fwa deja. An nou wè kisa l ye e kòman nou ka anpeche mango nap manyen nan travay la kontamine. Tout bagay, tout materyèl nou ajoute, kit nou fe ekspre, kit nou pa fè ekspre, pandan rekòt, pandan yap mete nan bwat, nan depo oubyen ke yap distribye mango kapab tounen yon kontaminan e kapab yon danje oubyen lakòz kliyan gen entoksikasyon alimantè.

Men 3 mòd kontaminan mango yo ka pran ladan yo sou bitasyin/Izin/depo yo:

- Kontaminan fisik
- Kontaminan chimik
- kontaminan biologik

Pwogram sekirite alimantè ap chache bese risk kontaminasyon mango yo

Se reskonsablite chak travayè pou anpeche mango yo kontamine pandan rekòt, pandan yap mete yo nan bwat, le yo nan depo e le yap distribye yo e anpeche yo tounen sous pou entoksikasyon alimantè.



Kontaminan fisik

Yon kontaminan fisik se yon bagay ki di oubyen swa ki ka rantre nan mango yo lè yap manyen yo. An jeneral sa ka yon aksidan oubyen yon anplwaye gen dwa pa wè sa. Kontaminan fisik yo sòti divès kote tankou materyèl biwo ki nan rapò oubyen yon kanè, vit, bagay ki fèt an metal, moso pout ak kès an plastik e move abitid ki ka rive pandan rekòt, pandan yap mete nan bwat oubyen pandan distribisyon. Gen kèk kontaminan fisik ki ka blese kliyan yo byen grav paske yo ka bouche gòj moun, fann/koupe bouch moun oubyen kase dan moun.

Nan kontaminan fisik yo nou jwenn tou:

- Fo zong
- Cheve
- Pansman
- Po sirèt
- Klips
- Agraf
- Kreyon e/ou plim
- Ti bout zo
- Bijou
- Vis ak zouti
- Moso vit oubyen plastik
- Moso bwa oubyen debri



Bloke kontaminan fisik yo e kontwole yo

AREA DE
OBJETOS PERSONALES

Leson 1

Bloke kontaminan fisik yo e kontwole yo

Gen kèk kontwòl nou ka fè nan zòn kote nan travay yo pou anpeche kontaminan fisik rantre nan mango yo:

- Pa sèvi ak anyen ki fèt an vè sou bitasyon/izin/depo yo.
- Fimen sèlman kote ki fèt pou sa.
- Pa mete bijou.
- Sèvi kòm sa dwa ak materyèl tankou, kès, sizo, panyé, palèt elatriye.
- Netwaye zouti, tounvis avèk lòt pati pyès detachab aparèy yo.
- Depi yon zouti oubyen yon materyèl ap fini, rapòte sipèviziè a sa anvan kontaminasyon fèt.



Kontaminan chimik

Kontaminasyon chimik rive lè mango yo kontre ak pwodwi chimik danjere pandan yap grandi, pandan rekòt, le yap mete yo nan bwat oubyen le yap distribye yo.

Gen divès bagay ki ka lakòz kontaminasyon chimik mango yo:

- Pwodwi yo tiye bète
- Pwodwi chimik yo itilize pou netwaye epi dezenfekte
- Dlo dezenfektan
- Ti bout bwa oubyen debri




Leson 1

Bloke kontaminan chimik yo e kontwole yo

Gen kek kontwòl nou ka fè nan zòn kote nan travay yo pou anpeche kontaminan chimik rantre nan mango yo. Nenpòt lè wap sèvi ak pwodwi chimik men sa pou w sonje:

- Toujou swiv jan yo di pou sèvi ak pwodwi a epi toujou mete dòz yo make sou etikèt la.
- Pa konsève oubyen mete pwodwi chimik nan vesò ki pa fèt pou sa.
- Depi w wè materyèl ak aparèy kap bay dlo al rapòte sa.
- Sèvi ak bon metòd lè wap manyen mango yo.
- Pa janm sèvi ak twòp savon oubyen dezenfektan epi toujou swiv sak make sou etikèt yo.
- Sonje ke depi w nan manyen pwodwi chimik ou dwe sèvi ak materyèl ki pou pwoteje tèt ou jan sipèvizè w la mande l la.
- Dlo wap itilize pou pase pwodwi chimik yo dwe TOUJOU soti yon kote ke w sèten genyen yon kantite mikwòb akseptab.

Fe sipèvizè a konnen touswit si w ta wè yon moun qp sèvi mal avèk yon pwodwi chimik oubyen si yonn nan pwodwi yo pa gen yon bon etikèt oubyen si yo pa byen konsève.



Leson 1

KONTAMINAN BYOLOJIK

Twazyèm e dènye mòd kontaminan an ki ka enfekte mango yo rele kontaminan biologik. Nap mete mikwòb yo nan menm kategori sa a tou.

Mikwòb se yon bann ti bèt tou piti zwit. Yo sitèlman piti nou pa ka wè yo ak je nou men sèlman ak yon mikwoskòp. Pou w ka konprann pi byen sa mikwòb la ye tande: si yon mikwòb te mezire 1 santimèt nan longè ebyen yon granmoun tap mezire dizon 17 kilomèt nan otè.

Mikwòb yo toupatou: nan lè, dlo, pousyè, hè, kò w, anviwònman w epi menm nan manje wap manje. Se pa tout mikwòb ki fè moun malad. Se sèlman yon ti gwoup mikwòb ki ka lakòz entoksikasyon alimantè. Li nesesè pou toujou ap konbat mikwòb pou yo pa kontamine mango yo.



Bloke kontaminan biolojik yo e kontwole yo

Leson 1

Bloke kontaminan biolojik yo e kontwole yo

Mikwòb yo ka lakòb maladi patojèn, men ou pa bezwen sonje non maladi sa. Sa pou w sonje se ke li trè enpòtan pou w anpeche mango yo kontamine e men kòman w ka rive fè sa:

- Swiv règ pwòpte konpayi a.
- Lave menm w lè w fin manje, lè w sòt nan twalèt, apre yon poz, anvan al nan mango oubyen anvan w rantre nan zòn travay la epi nenpòt lè men w sal.
- Fè sipèvizè a konnen lè w malad.
- Byen lave ak dezenfekte materyèl ou itilize pou w travay yo.
- Kenbe panyen yo ak kès yo pwòp.
- Swiv règ konpayi ki reskonsab sekirite alimantè a bay yo.

Sonje ke pwogram sou sekirite alimantè a fèt pou ede mango yo gen mwens kontaminasyon fisik, chimik ak biolojik.



Ki travay ou gen pou w fè

Lesson 1

Ki travay ou gen pou w fè

Travay ou se pou w manyen mango yo nan fason ki pi pwòp ki ta va genyen pou w anpeche yo kontamine pou kliyan yo pa malad ni blese. Nan lesон sa a men sa w sot aprann:

- Ki sa entoksikasyon alimantè ye e kisa yon kriz/epidemi entoksikasyon ka fè travay ou, sante w ak lajan kap rantre nan fanmi w.
- Gen 3 jan mango yo ka kontamine.
- Kijan w ka anpeche mango yo kontamine nan swiv bon abitid pwòpte.
- Travay ou se pou w TOUJOU swiv règleman sou sekirite alimantè konpayi a pou w ka pwoteje mango yo pou yo pa kontamine. Swiv règleman konpayi a se yon pati enpòtan nan travay ou.
- Ou pa dwe envante règ pa w. Si w pa konnen yon bagay mande sipèviziè a.
- Si w wè yon bagay ki pa bon oubyen ki anòmal, fe sipèviziè a konnen touswit.
- Ou jwe yon wòl enpòtan nan pwoteksyon mango wap manyen nan travay ou.



Se konsa Fòmasyon sou sa pou w konnen sou sekirite alimantè a fini. Eske w gen kesyon? Mèsi pou patisipasyon w. Souple siyen fèy prezans la.



Lesson 2.

Fason yo pwòpte kò



2

Kit pou Fòmasyon
sou Sekirite Alimantè
Endistri Mango a

**Fason yo pwòpte
kò**

Izin

Lesson 2: Fason yo pwòpte kò

Fòmatè a pral dekri konsèp pwòte kò a ak enpòtans kesyon sa pou sekirite alimantè. Leson sa kouvri 3 pwen ki konsène pwòpte kò ki fondamental pou pwodwi bon kalite mango moun kapab manje: 1) Rad pou pwoteksyon 2) Abitid moun yo 3) Sante w ak blese. Pou chak pati sa yo, fòmatè a ap eksplike e montre bon manyè ak konpòtman ki byen kadre pou diminye risk pou mango yo pran mikwòb.

Objektif lesон yo

Apre leson sa a patisipan yo dwe kapab:

- Eksplike kòman move abitid pwòpte kapab pa bon pou sekirite alimantè.
- Montre kòman pou byen itilize rad, bagay pou kouvri cheve, rad pwoteksyon ak lòt bagay sou pwòpte pèsonèl.
- Bay ki chan lijyèn pèsonèl ki mande yon swen espesyal.



Lesson 2

Abitid pwòpte kò

Pati sa a, nan pwogram lan, ap apran'n ou kèk bon abitid pwòpte e kèk règ ak manyè pou pwòpte kò ou dwe swiv nan izin nan, pou pwoteje mango kont kontaminasyon.

Li enpòtan pou tout anplwaye kap travay nan biznis mango a swiv règ yo pou kenbe kò yo pwòp.

Afè pwòpte a se yon pwen kle li ye. Pwòpte a ap anpeche mikwòb antre e gaye ozalantou pwodiksyon mango kote nap travay la.

Gade anplwaye a ki sou foto-a, rad lip pwòp epi cheve'l kouvri.



Ki sa pran swen kò ye?

Leson 2

Ki sa pran swen kò ye?

Foto a montre egzanp yon moun ki pa pwòpte kò'l byen. Lè'w ou gen abitid vin nan travay mal okipe, sa ka detenn sou kalite mango yo e menm lakòz yon kriz entoksikasyon alimantè.

Kiyès ki ka eksplike m sa pwòpte kò a ye?

Pwòpte kò se ak abitid ou genyen pou bay kò bon jan swen tankou:

- Benyen chak jou
- Lave men
- Koupe zong byen koupe e foubi yo pwòp
- Mete rad pwòp

Pwòpte kò gen rapò tou ak fimen, manje, bwè, touse, etènye, krache e mete bijou, (nou vle pale de bijou yo mete tout kote nan kò tou) nan travay la.

Pwopte kò, gen ladan l tou eta sante anplwaye yo, epi ki soulye yo mete nan pye yo pou yo fè travay la.



3 pwen ki konsène zafè pran swen kò a

Antan ke anplwaye izin nan, ou dwe konnen sa pou w fè pou w byen pwòpte kò w, yon fason pou diminye risk kontaminasyon mango yo.

Nap divize kesyon pwòpte kò a an twa (3) pati:

- 1. Rad.** Pati sa gen ladan'l: Rad, bagay pou kouvri cheve, soulye e nan kèk ka espesyal gan.
- 2. Abitid pèsosel.** Sa se bagay nou fè chak jou tankou manje, bwè, fimen e ale nan twalèt.
- 3. Sante w ak blese.** Pati sa a pale de sante ojoulejou e de tout kalite blese nou ka genyen.




Abiman: Rad pwòp

Mete rad pwòp pou w al travay. Li entèdi pou w travay nan izin nan ak rad sal, chifonnen ou byen chire. Rab sal kapab kache mikwòb ki lakòz maladi e ki ka kontamine mango yo. Rad travay ou pa oblige nèf. Sèlman fòk yo pwòp ase. Moun ou wè nan foto a genyen bon jan abitid pwòpte paske yo mete rad pwòp, tabliye ak bagay pou kouvri cheve yo.

Pa mete chemiz san manch, bout pantalon, soulye zotèy deyo ou byen sandal.

Toujou mete rad pwoteksyon ki matche ak sa w dwe fè nan djob la. Si w reskonsab mete pwodwi chimik, toujou sonje mete yon rad pwoteksyon komplè. Lè'w pwoteje tèt ou se fanmi 'w ou pwoteje.



Abiman: Tabliye

Mòd rad pwoteksyon sa yo itil pou pwoteje mango yo kont kontaminasyon. Se pa pou pwoteje anplwaye yo kont mango yo.

Li enpòtan pou'w toujou mete rad pwoteksyon pwòp sou ou. Si tabliye a vin sal pandan wap travay la, chanje li depi w jwenn posiblite.

Kèk fwa, yo bay yon kòd koulè pou rad pwoteksyon yo ou byen pou bagay ki pou kouvri cheve a pou di men ki koulè anplwaye a dwe mete. Pa ale nan pati kote koulè a pa menm ak koulè rad ki sou ou a.

Nenpòt jan de rad ki sou ou, sa ki enpòtan an se poul toujou pwòp.




Lesson 2

Abiman: Kouvri cheve

Li enpòtan pou kenbe cheve'w pwòp e anpeche yo tonbe sou mango yo oubyen sou veso yo paske sa ka lakòz yo kontamine. Anplis, kliyan yo twouve manje ki gen cheve ladan yo trè dezagreyab.

Fò w itilize yon bagay pou kouvri cheve w, tankou bonè, filè, kepi, chapo, foulà ou byen bando pou anpeche cheve soti tonbe sou mango yo. Se règleman izin nan kap diw ki mòd bagay pou w itilize pou kouvri cheve w. Toujou kenbe bagay ou kouvri cheve w la pwòp. Nan foto a anplwaye a kouvri cheve l ak yon bagay byen patikilye. Ak kisa yo sèvi pou kouvri cheve nan konpayi kote wap travay la?

Fòk ou itilize yon bagay kap kouvri cheve w byen. Li dwe kouvri tout tèt ou ak tout zòrey ou. Menm jan ou fèl pou cheve a, non sèlman w dwe koupe moustach ak bab ou men ou dwe kenbe yo pwòp tou. Konpayi an kapab mande w pou sèvi ak yon filè a bab. Chak izin gen règleman pa yo sou kesyon bab nan figi men gen kote yo mande moun pou yo raze chak jou.



Lesson 2

Abiman: Soulye


Sou foto sa a nou wè yon bagay ki pa ta dwe fèt nan izin nan. Ki sa ki pa kòrek nan foto a?

[kite patisipan yo reponn]

Moun ki nan foto a ap mete mango nan bwat alòske se yon sandal ki nan pye l.

Ou dwe mete bòt, tenis ou byen soulye fèmen ki korèk e ki pwòp. Fò soulye w jan yo mande w pou li ye pou travay wap fè a .Sa enpòtan pou sekirite w.


Li entèdi pou w mache pye atè, ni pou w mete soulye zotèy deyò oubyen sandal lè wap travay nan izin nan.



Abitid: Pwòpte kòw

Abitid pèsonel se bagay ou fè chak jou tankou manje, bwè, fimen e ale nan twalèt. Ou ka mete tou nan kategori sa a itilizasyon afè pèsonèl ou tankou bijou, pèsing, sakado, telefòn, elatriye.

Li enpòtan pou'w genyen bon jan fason pou'w pran swen sante'w. Konsa wap ede anpeche kontaminasyon mango yo fèt .Sonje benyen chak jou e lè w wap vin travay, vini pwòp. Se aksyon ki pi konsekan ou ta ka fè pou w pwoteje mango yo kont kontaminasyon.



Abitid pèsonèl: Manje ak bwè

Chak fwa wap manje oubyen bwè, ou ka kontamine men w, fè krache soti nan bouch ou rive nan men w epi tou ale sou mango yo. Sonje ke plizyè nan nou gen yon mòd nou itilize men nou pou mete manje nan bouch nou e nou menm niche dwèt nou pandan nap manje. Krache se yon likid ki soti nan kò w e ki gen dè milyon mikwòb ladan. Ou dwe lave men'w apre ou fin manje oubyen bwè pou anpeche mikwòb yo rive sou mango yo.

Epitou, tout anplwaye dwe manje ak bwè kote yo rezève pou sa andedan izin nan. Jan w ka wè l sou foto a, kote sa yo byen lwen pwodwi ak materyèl travay la; tout prekosyon sa yo ap anpeche mango yo kontamine.

Kote yo mete pou anplwaye yo manje ak bwè, kapab chanje tou depann de grandè izin nan epi aktivite ki fèt ladan l.

Sou foto sa, yon gwoup anplwaye ap manje yon kote yo ba yo pou sa nan izin nan.



Abitid pèsonèl: Fimen

Lesson 2

Abitid pèsonèl: Fimen


[Enfòmasyon pou fòmatè a: genyen plizyè izin ki pa rezève kote pou moun fimen paske ke règleman yo entèdi moun fimen. Si'w nan ka sa, annik di ke règleman an entèdi moun fimen nan izin nan.]

Si w fimen, ou kapab fèl sèlman kote ki rezève pou sa.

Poy sigarèt la ka tounen yon kontaminan fisik si yo pa jete yo kote yo dwe jete yo a. Apre n fin fimen, voye poy sigarèt la jete nan poubèl ki la pou sa.

Bouch nou gen mikwòb pa milyon. Lè wap fimen mikwòb sa yo ka soti nan bouch ou rive sou men w. Si w pa lave men w apre w fin fimen oubyen anvan w repran n travay, ou kapab kontamine mango kote wap travay la.

Lave me w lèw w fin fimen!



Abitid pèsonèl : Etènye ak touse

Lèw touse oubyen etènye, mango yo kapab kontamine ak krache.

Si w bezwen etènye oubyen touse, deplase, kite zòn wap travay la, ale lwen kote ki pa gen okenn pwodwi. Kouvri bouch ou epi lave menm w avan w tounen travay. Lè w aji konsa, sa pèmèt ou evite kontamine mango yo.

Chak fwa w etènye, ou pa dwe itilize rad ou pou fè l sèvi mouchwa.



Abitid pèsonèl: Krache



Lesson 2

Abitid pèsonèl: Krache

Krache nan espas travay la pa akseptab paske li pa pwòp. Ou kapab kontamine mango yo ak mikwòb. Krache ka tonbe sou mango yo san moun pa wè. Krache se yon likid ki soti nan kò w ki pa dwe touche ak mango yo. Si w bezwen krache, itilize yon mouchwa, oswa al fèl byen lwen pwodwi yo.

Voye jete tout mango ki te an kontak ak krache.

Lòt Aktivite aprantisaj an plis : Egzèsis pratik

Kèk fwa moun yo krache nan espas kote yo pwodwi mango yo oswa kote yap mete yo nan bwat.

[Krache nan yon vè oubyen nan yon boutèy ki gen dlo, kafe oubyen ji. Fè bwi pandan wap krache a. Bay patisipan yo wè sa ki nan vè a oswa boutèy la. Mande yo bwè yon ti kou.]

Kòman w tap santi w si fò w te bwè nan vè sa a oswa nan boutèy sa?



Abitid pèsonèl: Twalèt ak sèvyèt an papye

Tout moun kap travay nan izin nan, dwe toujou itilize twalèt oswa latrin pou fè bezwen yo. Si se pa sa, matyè fekal kapab tounen yon sous kontaminasyon

Ou dwe toujou itilize twalèt oubyen latrin izin nan mete pou w sèvi.

Gen kèk bitasyon ki ka genyen yon règleman ki mande pou bay sanksyon, gen nan yo ki menm genyen yon règleman zero tolerans pou si yo bare yon anplwaye ap pipi oswa ap fè bezwen li nenpòt kote, alèlib.

Ou dwe tou jete sèvyèt an papye yo jan règleman konpayi-a mande l la. Yo pa dwe lage yo atè ; Li ta pi bon pou yo jete yo nan bòl twalèt la oubyen ou ka lage yo nan poubèl la menm si li pa twò konseye pou fè sa. Si papye twalèt pa elimine kòm sa dwa, li ka tounen yon sous kontaminasyon.



Abitid pèsonèl: Afè pèsonèl ou

Lesson 2

Abitid pèsonèl: Afè pèsonèl ou

Pa pote anken afè pèsonel ou nan espas travay ou nan izin nan. Yo kapab tonbe sou mango yo e tounen yon sous kontaminasyon. Bagay sa yo reprezante sous kontaminasyon fisik pou sante, yo kapab sal e sa ka fè yo kontamine mango yo ak mikwòb.

Moun ki sou foto a mete ekoutè nan zorèy li pandan lap travay. Sa a pap pase.

Li ENTÈDI pou'w pote afè pèsonel ou nan espas travay ou. Men sa ki antre nan kategori afè pèsonèl : kreyon ak plim, sakado, radyo, aparèy CD, ekoutè ak selilè elatriye.

Avan w kòmanse travay, ranje tout afè pèsonel ou kote yo rezève pou sa. Wap fè pi byen toujou si w kite tout sa w pap bezwen pou w travay lakay ou.



Abitid pèsonel: Bijou

Li entèdi pou'w mete bijou, mont, bag, zanno, dekorasyon, kolye, oubyen chenn, kèlkeswa jan yo fèt la andedan espas kote yap mete mango yo nan bwat. Bijou tou ka tounen yon sous kontaminasyon fisik.

Moun ki sou foto a mete yon chenn ak yon braslè, se pa yon konpòtman ki akseptab nan yon izin.

Retire tout bijou anvan w kòmanse travay. Depoze yo nan valiz ou, nan kazyé w, nan machin ou, oubyen, sa k tap pi bon toujou, pa vin nan travay la avè yo. Si w kapab, kite tout bijou w lakay ou.

Gen kèk konpayi ki entèdi moun mete bijou pèse lè yap travay nan mango.

Tèks ochwa

Chak bitasyon gen pwòp règ pa yo sou sekirite alimentè, sa vle di gen kèk bitasyon ki pa aksepte okenn bijou alòske gen lòt ki dakò. Pa egzanp gen kèk bitasyon /izin,/depo ki pèmet travayè yo pote yon senp alyans san pyè men yo dwe kouvri l ak yon gan pou anpeche'l tounen yon sous kontaminasyon.



Abitid pèsonèl: Zong long, zong ki gen vèni ak fo zong

Lesson 2

Abitid pèsonèl: Zong long, zong ki gen vèni ak fo zong

Fo zong, zong ki gen bijou ak zong ki gen vèni sou yo entèdi nan espas travay la paske yo ka tonbe nan mango yo epi tounen yon sous kontaminasyon.

Toujou koupe zong ou byen ra epi netwaye yo. Zong long ka sere mikwòb ki ka kontamine mango yo pandan w kenbe yo.

Siman ou ta dwe fon ralanti sou afè mete makiyaj nan travay la.

Gade sa règleman Konpayi a di sou kesyon sa.



Lè wap Kite zòn travay la

Depi wap deplase kite zòn travay la, pou w al nan twalèt, al manje oubyen pou nenpòt lòt rezon, fò w retire rad pwoteksyon ki te sou ou a. Sa vle di: tabliye, salopèt oubyen blouz la ki te sou ou a.

Lè w tounen vin kontinye travay, sonje remete rad pwoteksyon an sou ou epi lave men w anvan w rekòmanse.

Pou fini, depi wap kite zòn kote yap pwodwi a, pa fè wout dekoupe. Toujou swiv wout yo montre w pou w sikile a. Toujou kite materyèl ak rad pwoteksyon w kote yo ba w pou sa.



Sante w ak blese

Leson 2

Sante w ak blese

Sante anplwaye ak blese se denyè pati nan lijyèn kò a.

Si w vin travay pandan w malad ou ka kontamine mango yo paske mikwòb kapab soti sou ou pou vini sou pwodwi yo.

Anplwaye ki malad konn lakòz kriz entoksikasyon moun pran nan manje. Se pou sa, gen de maladi travayè yo genyen, yo pa ka travay nan izin yo.

Se menm bagay lè yon anplwaye blese. Anplwaye ki blese dwe swiv règleman izin nan ki di sa pou yo fè nan ka sa pou yo anpeche kontaminasyon kwaze.

Toujou swiv règleman izin nan.



Sante ak Blese: Zafè sante w



Lesson 2

Sante ak Blese: Zafè sante w

Menm si abitid pwòpte kò kapab anpeche mikwòb danjere soti nan anplwaye yo pou ale sou mango yo, nan kèk ka sa pa sifi. Tout anplwaye ki soufri maladi sa yo PA DWE travay nan mango yo:

- Vomisman
- Dyare
- Jonis (Po kap vin jòn)
- Gòj fe mal/lafyèv

Si w gen yonn nan senptom sa yo ou dwe avèti sipèvizè a anvan w kòmanse travay. Selon maladi w genyen an sipèvizè a ap deside mete w nan yon lòt aktivite ki pa gen rapò avèk manyen mango oubyen li ka menm mande w pa travay yon ti tan jiskaske w geri.



Sante ak Blese: Blese ak san

Leson 2

Sante ak Blese: Blese ak san

Blese ki ouvè tankou lè po w koupe kapab yon danje pou mango yo.

Si w gon blese ki ouvè, al di sipèvizè a sa anvan w kòmanse travay.

Si w koupe dwèt ou oubyen men w pandan wap travay kouri di sipèvizè a sa.

Rete san an. Si w pa ka rete l e ou wè l parèt grav, chache wè doktè.

Si blese a pa grav, lave men w, kouvri blese a ak yon pansman epi si blese a se sou men w li ye kouvri li ak yon gan. Pa bliye ke w dwe elimine tout pwodwi ki touche ak san oubyen nenpòt lòt likid ki sot nan kò w.



Aktivite: Korèk- Pa korèk

Lesson 2

Aktivite: Korèk- Pa korèk

Pou fini pati fòmasyon sa a, nap repase kèk egzanp sitiyasyon nou te aprann jodiya e ki ka rive nan yon izin mango.

M pral montre nou yon imaj ki gen 2 foto ladan I e map mande nou kisa ki pa korèk nan foto ki sou bò goch la.

Apre sa nou pral wè egzanp ki korèk la nan foto ki sou bò dwat la.

[Nou fe aktivite sa a pou montre bon abitid pwòpte yon moun dwe swiv lè travay nan endistri mango a]

Kisa ki pa korèk nan foto ki sou bò goch la?

[Repons: Anplwaye a ap bwe yon kola nan izin nan.]

Nan foto ki sou bò dwat la, anplwaye a pa gen kola a nan men I ankò nan zòn travay la. Sonje ke w dwe manje ak bwè kote ki fèt pou sa.



Rad

Ki sa k pa korèk nan foto sou bò goch la?

[Repons: Anplwaye a mete yon mayo san manch. Li ka lakòz mango yo kontamine a kòz anba bra l ak swe.]

Nan foto ki sou bò dwat la, anplwaye a mete yon mayo pwòp ak manch ki ka anpeche swe kole ak mango yo.

Eske w ta renmen manje yon bagay ki te tou pre anba bra ak swe yon lòt moun?



Rad pwoteksyon

Ki sa ki pa korèk nan foto ki sou bò goch la?

[Repons: Anplwaye a pa mete tabliye pandan lap travay kote yap triye mango a.]

Nan foto ki sou bò dwat la, anplwaye a mete tabliye. Sonje mete rad pwoteksyon tankou tabliye ak salopèt: yo pa fèt pou pwoteje w kont mango yo non men yo fèt pou anpeche mango yo kontamine.



Manje ak bwè

Kisa w wè nan foto ki sou bò goch la?

[Repons: Anplwaye a ap manje piwouli pandan lap travay nan basen kote yap lave mango yo. Li entèdi pou moun pote manje, sirèt, bwason oubyen fridodoy kote yap pwodwi mango nan izin nan.]

Nan foto ki sou bò dwat la, ou wè bon jan abitid. Sonje ke se sèlman kote ki fèt pou sa yo ou dwe manje ak bwè tankou nan sal a manje oubyen byen lwen kote yap pwodwi yo menm janm ak moun ki nan foto ki sou bò dwat la.



Etènye

Lesson 2

Etènye

Kisa w wè nan foto sa a?

[Repons: Anplwaye a etènye sou mango yo, li fè yo touche ak krache. Krache se yon likid ki sot nan kò w li pa dwe touche mango yo.]

Sonje ke lè w touse oubyen etènye ou dwe sèvi ak yon mouchwa e ou dwe deplase al lwen mango yo epi kouvri bouch ou ak men w. PA bliye lave men w anvan w retounen al manyen mango yo.



Afè pèsonèl: Selilè

Kisa ki pa korèk nan foto saa?

[Repons: Anplwaye a ap pale nan telefòn nan zòn kote yap mete mango yo nan bwat.]

Pa itilize selilè nan zòn kote yap mete mango nan bwat ni kote yap manyen mango yo. Si w dwe sèvi ak telefòn ou, deplase e sonje lave menm w anvan w retounen travay.

Se sèl sipèvizè yo ki gen dwa gen telefòn selilè nan men yo paske se yonn nan bagay yo bezwen pou yo fè travay yo.



Bijou

Kisa travaye a fè ki pa korèk?

[Repons: Anplwaye a mete zanno pandan lap travay nan mango yo.]

Nan foto ki sou bò dwat la, anplwaye a pa gen zanno ankò nan zorèy li. Sa enpòtan paske zanno a te gen dwa tonbe nan mango yo epi kontamine yo.

Tèks ochwa

Règ sou sekirite alimantè yo ka diferan selon bitasyon an, sa vle di gen kèk bitasyon ki aksepte anplwaye yo met bijou, e gen lòt ki pa aksepte. Pa egzanp, gen kèk bitasyon/izin/depo ki dakò pou moun mete bag mariaj ki pa gen diaman sou yo. Bag sa dwe kouvri ak gan pou li pa tounen yon sous kontaminasyon.



Kouvri cheve w

Kisa ki pa korèk nan foto ki sou bò goch la?

[Repons: Anplwaye a pa kouvri cheve li kòm sa dwa.]

Nan foto ki sou bò dwat la, nou ka wè yon bon egzanp kòman moun dwe kouvri cheve yo lè yap travay nan mango yo.

Lè wap travay nan mango, fò w mete rad pwòp epi mete yon bagay pou kouvri cheve w tankou yon filè, yon bonè, yon chapo, yon mouchwa oubyen yon bando pou cheve pa tonbe nan mango yo.



Lesson 2

Twalèt ak latrin

Kisa k pa korèk nan foto ki sou bò goch la?

[Repons: Anplwaye a rantre nan twalèt la san li pa retire rad pwoteksyon an.]

Nan foto ki sou bò dwat la, nou wè anplwaye a retire rad pwoteksyon an sou li anvan li rantre nan twalèt la.

Fòk ou TOUJOU sèvi ak twalèt oubyen latrin konpayi mete pou sa.

Se konsa fòmasyon sou swen kò a fini. Eske w gen kesyon?

Mesi pou patisipasyon w epi soule siyen fèy prezans la.





Lesson 3.

Lave men



3
 Kit pou Fòmasyon
 sou Sekirite Alimantè
 Endistri Mango a

Lave men
Izin






Lesson 3. Lave men

Pou souliye enpòtans yon bon lijyèn pèsonèl, pandan lesон sa, fòmatè a pral eksplike objektif lave men an e kòman pou w fè l korèkteman nan travay la. Lesон sa a ap montre w tou kijan pou w itilize gan ki ka ede nan prevansyon kontaminasyon. Pou chak pati sa yo, pwofesè a pral eksplike e demontre pi bon fason ak ki konpòtman pou w genyen pou w ka diminye risk pou mango yo kontamine.

Objektif Aprantisaj

Lè w fini ak lesон saa, chak patisipan ap kapab:


- Eksplike kijan men ka kontamine mango yo ak mikwòb.
- Di enpòtans lave men pou evite kontamine mango yo.
- Eksplike nan ki sitiayson yo sipoze lave men yo.
- Montre kijan pou yon moun lave men yo korèkteman.



Lave Men

An nou fè yon chita pale sou enpòtans aktivite nap fè yo pou kenbe mango yo pwòp: Lave men. Lave men se yonn nan pibon fason pou nou konbat maladi ak enfeksyon.

Pandan jounen an, men nou touche tout kalite bagay e tout bagay sa yo pa vreman pwòp. Sa vle di ke men nou ka vin kontamine avèk mikwòb. Si nou pa lave men nou, tout pousyè ak mikwòb sa yo ka kontamine mango yo si nou touche yo avèk men nou san lave. Se sa ki fè nou dwe toujou kenbe men nou pwòp.



Enpòtans Lave Men

Nan imaj sa yo, ou ka wè yon kote pou w lave men w. Nan kèk izin kote pou moun lave men yo ka pi senp pase yon lòt, men yo tout enpòtan pou fè yon bon travay nan izin nan. Kondisyon an senp: lè w byen lave men w, ou ka diminye kantite mikwòb ki nan men w.

Kèlkeswa materyèl yo ba w pou w lave men w, sa ki enpòtan se lave men w körèkteman fason yo montre nou nan lesон sa.

Lave men se tankou asirans travay paske li ede nan elimine risk pou mango yo kontamine.



Kilè mwen sipoze lave men mwen?

Lesson 3

Kilè mwen sipoze lave men mwen?

Pou ede evite risk pou mango yo kontamine, ou sipoze lave men w anvan:

- Kòmanse travay.
- Mete gan, si w gen pou w mete.

Ou dwe lave men w tou APRE w fè aktivite sa yo:

- Soti nan twalèt. Se yonn nan moman ki pi enpòtan pou w lave men w. Ou dwe toujou lave men w chak fwa w soti nan twalèt la.
- Lè w soti nan yon poz oubyen w sot manje.
- Lè w fin touse ak etènye nan men w.
- Lè w sot foure dwèt w nan tounen w oubyen w sot manyen figi nou.



Bon fason pou w lave men w

Gen yon fason estanda pou w lave men w. Tout anplwaye nan izin nan dwe swiv li. Si w sèlman mouye men w ak dlo byen vit, sa pa sifi pou tiye mikwòb ak pwodwi chimik ou gen nan men w. Pi ba nap jwen senk (5) etap pou nou swiv kap montre nou kijan pou nou byen lave men nou:

Etap 1: Mouye men nou ak dlo pwóp.

Etap 2: Savonnen men nou.

Etap 3: Frote men w ak ponyèt nou pandan 10 a 15 segond pou pi piti.

Etap 4: Rense men w ak dlo pou w ka retire tout savon an.

Etap 5: Seche men w ak yon sèvyèt an papye ke wap jete aprè.

Si pa gen savon ak papye kote pou w lave men w lan, di sipèvizè a sa touswit pou yo ka okipe yo de sa.



Etap 1. Mouye men w ak dlo

Lesson 3

A close-up photograph showing a person's hands being washed under a running faucet. Water is splashing between the fingers and over the palms. The hands are positioned over a stainless steel sink.

Etap 1. Mouye men w ak dlo

An nou revwa an detay chak etap pou w lave men w kórèkteman.

Anvan, vide dlo pwòp sou men w.



Etap 2. Savonnen men w

Aprè, mete yon bon kantite savon oubyen detèjan nan men w.

Savon ede w retire enpe pousyè ak mikwòb ki kole sou po w.



Etap 3. Frote pandan 10 a 15 segond pou pi piti

Etap 3. Frote pandan 10 a 15 segond pou pi piti

Frote men w ak ponyèt ou ak fòs pandan 10 a 15 segond pou pi piti.

Pran tan w pou nou retire tout pousyè ki anba zong w epi frote men w, ponyèt ou, avèk mitan dwèt ou yo tou.

Frote avèk fòs paske li enpòtan pou w frote pou w ka touye bakteri ak pousyè ki nan men w.



Etap 4. Rense men w byen rense

Aprè, rense men w byen rense ak dlo pwòp pou w ka retire tout savon ki nan men w.



Etap 5. Seche men w ak yon sèvyèt an papye

Seche men w ak yon sèvyèt an papye oswa itilize lòt mwayen yo bay pou w seche men w tankou yon machin ki bay van oubyen sevyèt yo toujou mete la pou sa.

Ou pa dwe janm seche men w ak rad ou, tabliye w, moso twal ou itilize pou siye pandan wap travay la. Tout bagay sa yo ka fè w kontamine men w ankò.

Senk (5) etap sa yo pral ede w pou w byen lave men w. Si nou twouve yo difisil pou w sonje, al gade desen ki kole bò kote pou w lave men nan bitasyon an kap montre w kijan pou w byen lave men w.



Dezenfektan pou Men

Kèk izin ka mande pou w itilize dezenfektan pou men aprè w fin lave men w. Repase kondisyon Konpanyi paw la mande pou w wè si li nesesè.

Dezenfektan pou men an se yon jèl ki diminye mikwòb ki prezan nan men ki pwòp. Jèl sa a, ou sipoze itilize li APRE w fin lave men w. Ou pagen dwa itilize li pou w pa lave men w.

Ou pagen dwa pou w itilize jèl ou pote soti lakay ou. Epi ou dwe toujou sonje ke jèl la pa la pou li ranplase mouvman lave men an.

[Ou pa oblige itilize dezenfektan pou men pou pwoteksyon manje nan yon bitasyon, men se moun ki vle ki itilize li epi itilizasyon li depann de chak moun.]



Itilizasyon gan

Kèk izin mande pou anplwaye kap fè yon seri de travay espesyal mete gan nan men yo. Moun sa yo dwe itilize gan ke izin nan bay pou travay la.

Ou mete gan pou w pwoteje mango yo kont kontaminasyon. Men se pa pou w pwoteje men w kont mango yo.

Gendelè gan yo bay la fè w santi w an sekirite paske gen moun ki panse ke si yo mete gan pandan yap travay la, yo pa bezwen lave men yo aprè.

MEN SA A SE MANTI!! Gan yo se tankou men w. Yo rete pwòp sèlman lè yo pa touche ankenn bagay sal. Kidonk li vrèman enpòtan pou w lave men w anvan w itilize yon gan.

Kondisyon prensipal pou yon moun itilize yon gan li senp: TOUJOU lave men w anvan w mete yon gan nèf nan men w.

[Nòt: *Itilizasyon gan yo Pa vrèman nesesè pou sekirite manje yo nan yon bitasyon; se si w vle, epi itilizasyon yo depann de kijan de travay kap fèt nan moman an.]*



Rekòmandasyon pou itilizasyon gan yo

Leson 3

Rekòmandasyon pou itilizasyon gan yo

Sa nou pral li la yo se tout rekòmandasyon pou w swiv pou w byen itilize gan yo:

- Itilize gan sèlman pou yon travay yo mandew pou fè avèk gan epi itilize yon gan ki mezi men w.
- Itilize gan nan tou de men w.
- Sonje retire gan yo nan men w chak fwa w gen pou w kite kote wap travay la.
- Chanje yo chak fwa w touche yon bagay ki sal oubyen wap kontamine gan yo.
- Mete yon lòt gan nèf chak fwa w gen youn ki chire oubyen ki sal.
- Pa antre nan twalèt yo avèk gan nan men w.
- Retire gan yo lè w bezwen manje, bwè ak fimen.
- Pa soufle oubyen woule gan yo pou nou ka mete yo.
- Jete gan ki itilize déjà nan yon poubèl pou fatra, pa jete yo atè a oubyen deyò twalèt yo.
- Sonje ke gan yo pa ranplase lave men an. Si pa gen gan oubyen lòt pwodwi ke wbezwen nan zòn kote wap travay la, di yonn nan sipèviziè yo sa touswit.
- Li enpòtan tou pou w di sipèviziè a si yonn nan gan oubyen moso nan gan w yo tonbe nan mango wap travay ladan yo a.



Aktivite: korèk – Pa korèk

Pou nou fini pati sa a nan fòmasyon an jodya, nou pral revwa kèk egzanp sitiyasyon ke nou te aprann jodya ki kapab rive nan yon izin.

[Aktivite sa yo fèt pou yo montre bonjan liiyèn pèsonèl pou moun swiv nan kote yap pwodwi mango yo.]

Anplwaye yo ap manyen mango yo avèk yon gan ki pa bon. Toujou mete 2 gan yo lè wap manyen mango yo.

Nan foto a dwat la, nou ka wè menm moun nan ap travay nòmalman avèk 2 gan.



Aktivite: korèk – Pa korèk

Kisa ki pa korèk nan foto a goch la?

Poukisa?

[Bay patisipan yo yon tan pou yo reponn tou de kesyon sa yo.]

Repons: Anplwaye a pa mete gan. Toujou mete gan chak fwa nap kenbe mango.

Nan foto ki a dwat la, nou ka wè ke menm anplwaye sa a pap travay kórèkteman avèk gan nan de men li.

Se la nou mete fen ak diskisyon nou an sou lave men ak kijan pou nou itilize yon gan.

Eske w gen kesyon?

[Si ou gen GloGerm™ oubyen krèm GlitterBug®, ou kapab fè aktivite lave men an ki nan lòt paj la. Si w pa gen krèm nan, li enpòtan pou w modifye aktivite saa pou montre kijan pou lave men nan espas ki rezève pou sa.]

Mèsi anpil pou patisipasyon w. Tanpri sonje siyen oubyen ekri non w sou fèy prezans lan



Aktivite pou aprann lave men

Objektif aktivite sa a se montre kijan pou lave men kòrekteman:

1. Pare krèm GloGerm™ oubyen GlitterBug® lan ak lanp limyè ultravyolè a. Ou ka kòmande kit GloGerm™ oubyen GlitterBug® lan nan adrès sa yo:

Konpayi GloGerm™
<http://www.glogerm.com/>
800-842-6622
GlitterBug® Brevis Co.
<http://www.glitterbug.com/>
801-466-6677

2. Anvan w kòmanse aktivite sa a gade si genyen yon kote pou lave men tou pre kote fòmasyon an ap fèt la. Fòk kote a gen dlo pwòp, savon likid, sèvyèt an papye ak yon poubèl.
3. Mennen patisipan yo kote yo lave men an.
4. Mete krèm GloGerm™ oubyen GlitterBug® lan nan men w epi mande patisipan yo si gen nan yo ki volontè pou pase yon ti krèm nan men yo.



Aktivite pou aprann lave men

5. Mete men w avèk men volontè yo anba lanp limyèiltravyolè a epi mande lòt patisipan yo pou yo gade byen. Pou yo ka wè sak pral pase ak krèm nan anba limyè iltravyolè a, fò kote a pa genyen yon limyè ki twò fò.
6. Mande volontè yo pou yo rense men yo sèlman olye pou yo lave yo byen.
7. Konya lave men w , itilize etap pou lave men ki korèk yo.
8. Mete men w anba lanp limyè iltravyolè a epi montre patisipan yo kòman men w pa klere ankò. Lèfini mande volontè yo pou yo mete men yo anba limyè a epi fè group la gade kijan men volontè yo klere.
9. Mande patisipan yo ki sak pase, poukisa men volontè yo rete klere e poukisa men pa w pa klere.

Si w pa gen krèm nan, ou ka sèlman montre patisipan yo kòman pou yo lave men yo kòrekteman kote yo lave men an. Dabò, wap fè l ou menm epi apre wap mande yonn nan patisipan yo pou l lave men l kòrekteman avan l rekòmanse travay.



Lesson 4.

Kontaminasyon kwaze nan izin nan



4

KIT pou Fòmasyon
sou Sekirite Alimantè
Endistri Mango a

**Kontaminasyon
kwaze nan izin
nan
Izin**

Producing Safe
Mangos **Mango**.org

Leson 4. Kontaminasyon kwaze nan izin nan

Nan leson sa a, fòmatè a pwal eksplike konsèp kontaminasyon kwaze a ak kisa ki lazòz li, poukisa li kapab yon pwoblèm nan pwodiksyon mango yo, e enpòtans li genyen pou sekirite manje yo. Nan leson sa tou nap wè estrateji sekirite alimantè ki ka evite kontaminasyon kwaze a fèt.

Fòmatè a pral eksplike an detay kèk sitiyasyon ki ka rive nan bitasyon/izin/depo yo e ki kapab lakòz mango yo kontamine. Pami sitiyasyon sa yo nou ka jwenn zannimo, moso vit, movejesyon materyèl yo itilize pou mete mango yo nan bwat epi movejesyon dlo ki nan basen yo lave mango yo elatriye.

Nan pwogram yo prepare pou izin ak depo enpòtasyon yo genyen lòt enfòmasyon sou sa nou dwe konnen sou koze pwoteksyon mango yo. Nan seksyon sa a fòmasyon an montre diferan fason nou ka evite kontaminasyon entansyonèl mango yo.

Objektif leson an

Lè yo fini ak leson sa a, patisipan yo pral kapab:

- Eksplike kisa kontaminasyon kwaze a ye ak kijan nou kapab evite li nan bitasyon/izin/depo yo.
- Montre ki meyè fason nou ka jere mango yo pou nou evite kontaminasyon kwaze a.



Kontaminasyon kwaze

Ann fè yon ti rapèl: Yon kontaminan se yon ajan fizik, chimik oubyen biologik ki prezan nan manje e ki ka lakòz moun malad. Se mango sèlman nou dwe mete nan panyen oubyen nan bwat mango.

Nan seksyon sa a, nou pral wè konsèp kontaminasyon kwaze a, epi nou pral wè kisa nou ka fè pou nou pwoteje mango yo kont li.

Kontaminasyon kwaze se transfè yon sibstans, yon objè, mikwòb oubyen lòt kontaminan, soti nan yon bagay ki SAL pou ale nan yon bagay ki PWÒP. Kontaminasyon kwaze kapab tounen yon gwo pwoblèm pou mango yo.

Genyen plizyè abitid nan izin nan ki ka lakòz kontaminasyon kwaze mango yo. Evite sa rive se yonn nan bagay ki pi enpòtan nan travay wap fè a.

[Nan seksyon sa a nap jwenn aktivite pratik ki pa pou tout izin; Ou dwe montre sèlman sa ki fèt epi ki matche ak izin kote wap travay la.]



Fason mikwòb pwopaje

Menm jan ak anplwaye yo, mikwòb yo deplase nan tout izin nan, men yo bezwen yon moun ki pou transpòte yo. Ekipman ak anplwaye yo se prensipal vektè ki pèmèt mikwòb yo sikile toupatou nan izin nan.

Premye bagay ki pou ede e evite kontaminasyon kwaze a se eseye eliminate tout possiblite pou yon objè SAL touche yon objè PWÒP.

Lè wap mache nan izin nan, li enpòtan pou w rete sèlman nan espas yo ba w la.

Si w pa konnen ki bò pou w fè, mande sipèvizè w.

Pa fè wout dekoupe!

Sonje, ou ka pote mikwòb soti nan yon kote ki sal pou pote l yon kote ki pwòp.



Bagay pou Kouvri soulye

Ou ka transpòte mikwòb nan soulye w ak nan bagay ou kouvri soulye w. Li enpòtan pou w elimine tout posiblite ki ka mete yon bagay ki sal an kontak avèk mango yo.

Soulye ak bagay ou kouvri soulye pa dwe janm rantre an kontak avèk sifas kap touche mango yo dirèkteman. Nan foto ki sou bò gòch la, anplwaye ki reskonsab pou pouse mango yo kote pou yo mete yo nan bwat la, kanpe ekzakteman sou yon sifas ke mango yo an kontak avèk li. Sa ka lakòz mango yo kontamine. Sou foto ki a dwat la, nou ka wè ke anplwaye a pa gen kontak ditou ak sifas sa, sa diminye risk pou mango yo kontamine.



Kès/Panye/Bwat ki atè a

Pou evite ke mango yo touche atè a epi kontamine, itilize yon palèt. Ou ka itilize yon panye tanpon tou.

Règleman an senp. CHAK FWA nap travay ak mango yo, nou dwe toujou itilize yon bagay ki pou pwoteje panye yo, kès yo oubyen bwat ki gen mango yo pou yo pa gen kontak dirèk ak atè a.

TOUJOU mete panye, kès ak bwat yo oubyen sou yon palèt oubyen yon tab pou yo pa ale atè a.

Sou foto a, nou ka wè de(2) egzanp ki montre kijan yo dwe toujou ranje panye ak kès yo nan izin nan.



Lesson 4

Move fason yo itilize konntenè yo

Si w mal itilize materyèl tankou panye, kès ak bwat yo, yo ka vinn lakòz kontaminasyon kwaze fèt ak mango yo.

Itilize panye, kès ak bwat yo sèlman pou pote mango.

Lòt bagay ki pa gen rapò ak manje tanko bwat ji, manje, zouti, klou, rad elatriye pa dwe janm andedan panye ak bwat ki la pou pote mango yo; ni yo pa gen dwa mete yo sou mango yo.

Foto sa yo montre move fason yo konn itilize konntenè yo.

Pa itilize panye oubyen bwat ki parèt sal oubyen ki kraze pou nou mete mango yo.

Gade bwat yo ak kès yo byen anvan w itilize yo. Nenpòt ti bagay ou ta wè yo genyen, di sipèvizè w sa.



Netwaye e dezenfekte panye yo

Netwaye ak dezenfekte korèkteman se kle jefò kap fèt sou kesyon sekirite alimantè nan endistri mango a.

Netwaye ak dezenfekte ede evite kontaminasyon kwaze paske sa elimine pousyè ak maladi mikwòb lakòz e ki kabap prezan sou sifas kap touche ak mango yo.

Bon jan lijyèn kapab ede anpeche mango yo pouri vit paske lap elimine kantite mikwòb ki sou kote nap depose mango yo.

Ki kalite vesò oubyen espas ki genyen pou depoze mango yo nan izin kote wap travay la?

[Bay patisipan yo yon ti tan pou yo ka reponn]

Nou ka jwenn kòm egzanp: Tab yo mete la pou sa, basen pou lave mango, basen idwotèmik, panye, bwat ak kès , tapi woulan yo ak tout lòt bagay yo ka itilize pou pouse mango yo, elatriye.

Panye ak bwat yo sipoze byen pwòp. Si travay ou se netwaye ak dezenfekte, toujou swiv etap sipèviziè w la ba ou. Si w gen yon kesyon, ou dwe poze l.



Endikasyon koulè ak pwodwi chimik

Pou yo evite kontaminasyon kwaze, kèk izin mete kòd koulè sou tout materyèl, zouti ak rad tankou tabliye ak bagay pou kouvri cheve yo.

Netwaye materyèl yo avèk bwòs yo sèvi pou fè tout lòt kalite bagay kabap yon sous kontaminasyon kwaze.Pou evite sa, yo bay materyèl yo yon koulè oubyen yo mete yon etikèt sou yo ki di ekzakteman nan kisa w ka itilize yo.

Toujou swiv kòd koulè konpanyi an ba w la. Ki kòd koulè konpanyi w la genyen? Kisa w wè nan imaj la?

Pwodwi chimik tanjou detèjan, dezenfektan, lwil, grès ki sot nan aparèy kapab tounen lòt sous kontaminasyon. Yo dwe sèvi avè yo jan moun ki fè pwodwi a mande l la. Fò yo mete pwodwi sa yo nan espas fèmen ki fèt pou sa tankou w ka wè l nan foto a. Si w reskonsab ajoute yon pwodwi chimik nan lasi oubyen si w gen pou w melanje kèk pwodwi, toujou sonje ke gen nan yo, menm si w vide anpil se pa yon meyè rezulta wap jwenn pou otan.Toujou mete yon kantite pwodwi ki korèk.

Konsève epi itilize pwodwi chimik yo jan konpayi a deside jere yo a.



Mango ki atè

Atè a se yonn nan sous kontaminasyon. Panse ak tèt ou yon ti moman: Eske ou tap bay fanmi'w manje ki sot atè?

Si yon mango oubyen yon panye mango tonbe atè a pandan wap mete yo nan bwat, ou sipoze JETE tout mango ki te touche ak atè a. Swiv sa sipèvizè ou an di pou w fè nan ka sa.

Sou foto sa a, ou ka wè yon anplwaye kap ranmase yon mango atè a. Men sa w pa wè se si li retounen mete li nan bwat la oubyen si l jete li.

Kisa w tap fè si yon bwat mango te tonbe atè a?



Ma Dlo

Ou gen ma dlo lè yon ti kantite dlo rete pandan ANBANN TAN atè a oubyen nan materyèl yo. Sa se pa yon bagay yo ta renmen wè nan yon izin.

Lè w jwenn yon ma dlo nan izin nan ou sipoze toujou seche yo. Ma dlo kapab atire oubyen kale mikwòb ki kapab lakòz mango yo kontamine kote wap mete mango yo nan bwat yo.

Nou ka transpòte dlo nan tout izin nan ak soulye nou oubyen ak kawoutchou machin nap transpòte mango yo. Ti gout dlo yo ka menm vole sou mango yo pa aksidan.

Itilize yon bale plastik oubyen yon raklèt pou pouse dlo yo al vide nan kannal.

Evite mache oubyen kanpe nan ma dlo yo.



Leson 4

Kannal

Kannal yo ka kenbe limon, kras manje, tè, ak tibèt nou paka wè.

Pou nou evite ke kannal yo tounen sous kontaminasyon pou mango yo, nou sipoze toujou byen pwòpte yo.

Swiv bon etap yo pou w netwaye ak dezenfekte kannal yo. Konsa sa va diminye risk kontaminasyon kwaze ak lòt sifas ki gen rapò ak mango yo. Fòk nou fè atansyon anpil lè nap netwaye kannal yo epi fòk nou rezève yon bwòs pou fè travay sa a sèlman.

Kannal yo kapab yon mwayen pou bët rantre nan izin nan. Toujou veye ke yo byen fèmen ak gri oswa bouche yo pou evite bët rantre.

Nan foto yo, nou ka wè kòman yon kannal ta dwe rete kouvri nan yon izin epi ou ka wè ke pa genyen okenn ma dlo.



Leson 4

Refwadisè ak Kondansasyon

Refwadisè kap koule epi ki pa byen netwaye ka bay gwo pwoblèm kontaminasyon kwaze. Veye epi kontwole si gen kondansasyon oubyen si gen gout dlo kap soti tonbe nan plafon an oubyen ki sot nan klimatizè oubyen tou ki fòme sou rido chanm fwad yo. Si nesesè deplase kès ak bwat ki gen mango yo oubyen kouvri yo ak papye oswa plastik pou anpeche gout dlo tonbe sou yo.

Avèti sipèvizè w si w wè gout dlo ki soti nan kondansasyon ap tonbe sou mango yo oubyen tou pre yo.

Netwaye epi dezenfekte rido plastik ki nan chanm fwad yo souvan epi pa kite yo touche ak mango yo.

Ma dlo se yon lòt sous kontaminasyon ki genyen nan chapit sa.

Li enpòtan anpil pou anpeche ma dlo fòme nan refwadisè yo, gen mikwòb ki bay maladi ki renmen viv nan fè frèt epi nan imidite.



Chanm fwad ak tinèl

Chanm fwad ak tinèl kapab tounen yon sous koutaminasyon si pati ki dwe touche ak manje ki anndan yo a pa netwaye epi pa byen jere. An jeneral, mango yo deja mete nan bwat, se anndan yo yo mete yo epi yo kouvri yo avèk yon pwela ki touche tout tèt bwat ki gen mango yo. Depi pwela yo touche ak bwat ki gen mango yo sa vle di ke li vin tounen yon espas ki an kontak ak mango yo, e menm si pafwa w ka pa panse ak sa, fòk ou toujou kenbe pwela a pwòp epi dezenfekte l.

Pou w evite kontaminasyon kwaze, ou dwe toujou kenbe pwela yo pwòp e dezenfekte yo jan règleman izin nan mande w pou w fè l la.

Ma dlo se yon lòt sous kontaminasyon tou pou pwen sa nap wè a.

Li enpòtan pou nou pa kite ma dlo rete nan chanm fwad yo/tinèl yo; Genyen mikwòb ki ka lakòz maladi, tankou yon bakteri yo rele listeria ki renmen viv kote ki fè frèt ak kote ki gen imidite.



Palèt

Palèt an plastik ou an bwa kapab vin yon sous kontaminasyon si yo pa byen sèvi avèk yo. Palèt yo vwayaje nan tout izin nan e yo ka transpòte mikwòb avèk yo, soti nan yon zòn pou yo ale nan yon lòt. San nou pa blyie ke palèt an bwa yo yo menm, yo difisil pou netwaye ak dezenfekte paske dlo ka rantre nan bwa a epi deteryore yo rapid. Pou tèt sa, evite mete yo kote ki gen ma dlo oubyen tou prè yon kannal ki ouvè.

Nou dwe toujou tcheke palèt yo anvan nou itilize yo. Depi yon palèt kraze tou retire l...

Pinga w apiye palèt yo sou panno yo, ni sou materyèl yo, ni sou bwat oswa panye mago yo. Pa fè palèt yo sèvi chèz epi pa monte kanpe sou yo.

Si w gen pou w deplase yon palèt pandan wap travay ak mango yo, lave men w apre w fin itilize palèt la anvan w tounen manyen mango yo.



Trelè ak transpòtasyon

Leson 4

Trelè ak transpòtasyon

Machin ki la pou anbake mango yo dwe anfòm. Anvan yo chaje machin yo, verifye ke yo byen pwòp, ke yo pa gen okenn vye sant, kras manje, oubyen pousyè. Ou pa sipoze wè ankenn tras bêt (ronjè) nan machin yo. Ou dwe verifye tanperati kamyon an tou pou w sèten mango yo konsève nan bon tanperati a.

Ou dwe verifye si machin ki konn fè ale vini pou pote mango yo pat konn sèvi pou pote bêt anvan

Gen izin ki toujou dezenfekte dèyè kamion yo anvan yo bake mango ladan yo. Ou dwe swiv règ konpayi kote wap travay la mete sou kesyon sa.



Sèvis netwayaj ak reparasyon

Anplwaye kap fè netwayaj yo gen yon gwo defi pou yo leve nan zafè kontaminasyon kwaze sa. Anplwaye kap fè sèvis yo dwe toujou kenbe yon bon lijyèn pèsònèl lè yo anndan izin nan.

Anplwaye kap fè netwayaj yo reskonsab pou veye tout zouti kap rantre nan nenpòt ki zòn kote ki gen mango epi pou yo rekonsab tou pou yo verifye ke tout zouti sa yo soti lè netwayaj ak reparasyon fin fèt.

Tout reparasyon tanporè dwe date e anrejistre. Reparasyon tanporè yo dwe vin pèmanan byen vit.

Sèvis netwayaj dwe fèt lè pa genyen mango ki ekspoze nan zòn nan. Sou foto a, pagen mango ki ekspoze pandan anplwaye sèvis netwayaj la ap travay la.



Moso boutèy

Nou pa gen dwa pote bagay ki fèt an vè tankou boutèy, vè ak mont nan izin nan. Toujou rete veyatif lè nap travay. Si nou remake ke yon moso boutèy tonbe nan mango yo, se pa retire sèlman pou w retire moso boutèy la. Ou dwe jete mango sa yo epi rapòte sa bay sipèvizè'w pou ka deside kisa ki pou fèt dapre sa règleman konpayi an di sou kesyon moso boutèy.



Bèt ak Ensèk

Leson 4

Bèt ak Ensèk

Bèt domestik ak bèt mawon pa sipoze rantre nan kote yap pwodwi mango nan izin nan.

Fòk ou TOUJOU veyatif epi di sipèvizè w la sa si w wè tras ki montre ke yon bèt rantre yon kote nan izin nan.

Prezans bèt ak insèk entèdi anndan oubyen tou prè zòn kote wap travay la, paske sa ka yon sous kontaminasyon.

Li enpòtan tou pou w di sipèvizè w sa si w wè nenpòt lòt kalite insèk tankou ravèt oubyen sourit, rat nan izin nan. Si w pa pran sa bonè, yo ka tounen yon sous kontaminasyon pou mango yo tou.



Basen dlo

Yo itilize basen dlo ki nan izin nan pou retire latèks, pousyè, tè ak fèy nan mango yo. Basen dlo cho sèvi pou elimine mouch epi basen dlo frèt la sèvi pou refwadi mango yo rapidman pou yo ka mete yo nan bwat.

Basen yo ki nan izin nan ka vin yon sous kontaminasyon si nou pa byen jere dlo a.

Si basen dlo a kontamine ak mikwòb ki ka bay maladi, li ka lazòz tout mango ki pase ladan l yo kontamine.

Toujou veye ke dlo w sèvi avè l nan basen yo TOUJOU gen dòz dezenfektan li dwe genyen selon règleman izin nan. Toujou sonje ke dezenfektan nou mete nan dlo a se pou dezenfekte dlo a li la; Se pa pou mango yo. Sa ap evite ke dlo a tounen yon sous kontaminasyon.

Si w reskonsab jere dòz dezenfektan an nan dlo a, PA JANM sote etap yo. Ou dwe fè l jan l dwe fèt la e nan tan pou l fèt la. Si w pa konnen kisa pou w fè, rele sipèvizè w. Travay sa se yonn nan travay ki pi enpòtan nan izin nan pou ede evite kontaminasyon kwaze.



Vizitè

Izin nan dwe genyen yon sistèm ki anrejistre antre ak soti vizitè yo. Sa ap ede jistifye prezans vizitè yo nan izin nan.

Tout vizitè yo dwe respekte règleman ak pwosedi sou sekirite alimantè yo.

Si w sisipèk yon vizitè gen yon konpòtman ki ka lakòz mango yo kontamine, ou dwe di sipèviziè w la sa touswit.



Konpòtman ki sispèk

Leson 4

Konpòtman ki sispèk

Tout anplwaye dwe veye tout kalite kopòtman yon moun ka genyen ki ka lakòz kontaminasyon entansyonèl mango yo.

Chache konnen lòt anplwaye. Si nou pa rekonèt yon moun oubyen si moun nan pa gen anyen ki pou idantifye l, se pou w fè sipèvizè w la konnen.

Poze tèt ou kesyon sa yo lè w bezwen konnen si yon konpòtman pa nòmal:

- Eske yon anplwaye oubye yon vizitè nan yon zòn ke l pa ta dwe ye, tankou yo zòn yo entèdi moun sikile?
- Eske yon moun ap kache yon bagay ki ka kontamine mango yo?
- Eske yon anplwaye rive bonè epi kite byen ta san ankenn rezon valab?

Toujou rete veyatif pou w rapòte aktivite ki dwòl bay sipèvizè w. Depi w wè yo bagay, pale!



Kisa nou aprann?

Pou'n fini lesон sa a, nou pral repase sa nou te aprann:

- Kisa kontaminasyon kwaze a ye e kisa nou ka fè pou nou evite li.
- Enpòtans pou nou itilize materyèl ki pwòp e ki korèk.
- Enpòtansjesyon dlo ki nan tout basen yo.
- Poukisa pwodwi yo pa dwe janm gen kontak avèk atè a.
- Enpòtans evite zannimo rantre nan izin nan.
- Tout lòt fason nou ka evite kontaminasyon kwaze.

Nou rive nan fen fòmasyon sou kontaminasyon kwaze a. Eske nou gen kesyon?

Mèsi pou patisipasyon nou. Tanpri pa blye pou nou ekri non nou sou fèy prezans lan.





Seksyon 4. Lòt Materyèl an plis



Postè

Lave men w



**Tout vizitè dwe bay
non yo lè yap rantre**



Li tap bon si w enprime postè yo nan vèsyon
ki pi resan wap jwenn sou cd/kle usb oubyen
sou sit Konsèy Nasyonal Mango a:
www.mangofoodsafety.org

Postè

**Pa bliye kouvri
cheve w**



Mango
.org

 **Producing Safe
Mangos**

**Rapòte tout
aktivite ki dwòl**



 **Producing Safe
Mangos**

Li tap bon si w enprime postè yo nan vèsyon
ki pi resan wap jwenn sou cd/kle usb oubyen
sou sit Konsèy Nasyonal Mango a:
www.mangofoodsafety.org



Postè

Souple pa fimen



Mango.org

Producing Safe
Mangos

Kian pou w lave men w



1 Vide do pwòp sou men w

2 Savonnen men w byen savonnen

3 Foubi men w ak ponyet ou pandan 10 a 15 segond konsa



4 Rense men w byen
rense ak do pwòp



5 Seche men w avèk
sèvyèt an papye
pwòp


Mango.org

Producing Safe
Mangos

Li tap bon si w enprime postè yo nan vèsyon
ki pi resan wap jwenn sou cd/kle usb oubyen
sou sit Konsèy Nasyonal Mango a:
www.mangofoodsafety.org

Postè

**Lave men w lè w
sot nan twalèt**



Lave men w



Anvan w kòmanse travay



Lè w fin pran yon poz



Lè w sot nan twalèt

Li tap bon si w enprime postè yo nan vèsyon
ki pi resan wap jwenn sou cd/kle usb oubyen
sou sit Konsèy Nasyonal Mango a:
www.mangofoodsafety.org



Kanè fomasyon

KANÈ FOMASYON

DAT	KONPAYI/BITASYON/IZIN/DEPO:		
LOKAL FOMASYON			
SIJÈ			
<input type="radio"/> SA POU KONNEN <input type="radio"/> SOU SEKIRITE <input type="radio"/> ALIMANTÈ MANGO	<input type="radio"/> PRAN SWEN KÒ	<input type="radio"/> LAVE MEN AK SÈVI AK GAN	<input type="radio"/> KONTAMINASYON KWAZE NAN BITASYON/IZIN/DEPO
FÔMATÈ			
	SIYATI PATISIPAN YO	KONBYEN AMPLWAYE (si posib)	
1			
2			
3			
4			
5			
6			
7			
8			
9			
10			
11			
12			
13			
14			



Producing Safe
Mangos

Mango
.org

Tès

Tès sou Fòmasyon sou Sekirite Alimantè Endistri Mango a

Konsiy: Li chak kesyon byen li epi chwazi meyè repons la. Gen yon bon repons pou chak kesyon.

- 1.** Eske si w gade yon mango sèlman ou ka konnen si li kontamine?
 - a. Wi. Mango ap parèt diferan, lap gen yon lòt gou, yon lòt odè
 - b. Wi. Wap ka wè mikwòb yo byen klè sou mango a.
 - c. Non. Manje ki kontamine yo kapab parèt nòmal.
 - d. M pa konnen

- 2.** Bay yonn nan reskonsablite anplwaye yo ki ka garanti sekirite mango yo.
 - a. Swiv règleman konpayi a
 - b. Rekolte mango/mete mango nan bwat toutotan nou kapab nan yon jounen
 - c. Sere lis yo pou sipezizè yo pa wè
 - d. M pa konnen

- 3.** Men 3 mòd kontaminan ki ka enfekte mango yo. Se kontaminan biologik, chimik ak _____.
 - a. Kontaminasyon kwaze
 - b. Fisik
 - c. Lave men
 - d. M pa konnen

- 4.** Kiyès nan fraz sa yo ki di laverite sou zafè kouvri cheve a?
 - a. Pa gen pwoblèm si nou gen chichi devan tèt nou.
 - b. Cheve kout pa bezwen kouvri
 - c. Tout cheve epi tout zorèy dwe kouvri
 - d. M pa konnen



- 5.** Kilès nan aksyon sa yo ki ka ogmante chans pou mango yo kontamine?
- a. Mete afè pèsonèl nou kote ki la pou sa.
 - b. Bliye lave men nou anvan nou kòmanse manyen mango yo.
 - c. Byen swiv sa sipèvizè a di
 - d. M pa konnen
- 6.** Kisa pou w fè lè w fin manje anvan w retounen travay?
- a. Met bijou sou ou
 - b. Retire bagay ki kouvri cheve w la.
 - c. Lave menm w
 - d. M pa konnen
- 7.** Kilès na abitid sa yo ki ka lakòz mikwòb kontamine mango yo?
- a. Mete rad pwòp
 - b. Manyen mango san w pa lave menm w lè w soti nan twalèt
 - c. Sèvi mal ak pwodwi netwayaj ak dezenfektan
 - d. M pa konnen
- 8.** Pandan konbyen tan ou dwe frote menm w lè w fin savonnen yo?
- a. 10 a 15 segond
 - b. Omwen 20 segond
 - c. 1 minit
 - d. M pa konnen
- 9.** Kilè kontaminasyon kwaze fèt?
- a. Lè yon kontaminan sot nan yon bagay ki sal epi l ale sou yon mango oubyen kote yon mango touche.
 - b. Lè anplwaye yo lave men yo ak dlo ak savon.
 - c. Lè anplwaye yo manje kote ki fèt pou sa yo.
 - d. M pa konnen

10. Poukisa pou w swiv bon abitid pwòpte lè wap travay nan mango?

- a. Pou anplwaye yo pa tounen sous kontaminasyon kwaze
- b. Pou anplwaye yo santi yo byen e parèt fre
- c. Pou evite anplwaye yo blese
- d. M pa konnen

11. Poukisa li enpòtan pou konpayi a bay rad pwoteksyon tankou, bagay pou kouvri cheve, tablye, gan?

- a. Pou pwoteje anplwaye yo kont mango ak pousyè
- b. Pou mango yo pa pran kontaminasyon kwaze ki sot nan anplwaye yo
- c. Pou rad anplwaye yo rete pwòp
- d. M pa konnen

12. Kilès nan abitid sa yo ki ka plis lakòz kontaminasyon kwaze?

- a. Lè yon amplwaye etènye nan men li epi kouri al lave yo anvan li retounen travay
- b. Lè yon anplwaye retire rad pwoteksyon yo sou li anvan l ale nan twalèt
- c. Le yon anplwaye ki gen dyare kontinye travay men toujou lave men l.
- d. M pa konnen

13. Kilès nan fraz sa yo ki kòrèk lè nap pale de zafè lave men

- a. Ou ka manyen cheve w epi w pa lave men w depi cheve w pwòp.
- b. Li enpòtan sèlman pou w lave men w si w ka wè ak je w ke men w sal.
Oubyen lè men w sal ou ka pase dezenfektan pou men sèlman.
- c. Fò w frote nan mitan dwèt ou ak lòt pati nan ponyèt ou ki pa kouvri...
- d. M pa konnen



14. Kiyès nan fraz sa yo ki di laverite nan zafè kès, konntenè, panye, bwat at lòt materyèl yo itilize pou pake mango?

- a. Yo ka itilize Kès, panye pou fè bwat zouti.
- b. Konntenè pou rekòlt ak rezèv dwe sèlman sèvi pou transpòte ak konsève mango.
- c. Yo ka mete kès, rekòt, bwat, panye yo atè pou yon ti tan pandan yap mete mango yo ladan yo.
- d. M pa konnen

15. Kilès nan rad sa yo ou gen dwa mete lè wap travay nan mango?

- a. Soulye fèmen, pantalon ki pa gen twou/ki pa chire/, mayo manch kout, yon bagay pou kouvri cheve w.
- b. Sandal, bout pantalon, mayo san manch.
- c. Ou ka mete nenpòt rad, depi li pwòp.
- d. M pa konnen.

Repons: Q1: c; Q2: a; Q3: b; Q4: c; Q5: b; Q6: c; Q7: b; Q8: b; Q9: a; Q10: a; Q11: b; Q12: c; Q13: c; Q14: b; Q15: a.

Si w fè fotokopi tès sa, pa blyie kouvri repons yo.

Sètifika patisipasyon

SÈTIKHA PATISIPASYON

Pou patisipasyon I nan pwogram Fòmasyon sou Sekirite Alimantè Endistri Mango a

Sètifika patisipasyon sa ateste ke endivid yo sot site a swiv fòmasyon sou sekirite alimantè Endistri Majik la.

[Nom fòmatè al]
[Fomatè]
[Nom konpayi a]

[Ki kote / Ki dat/ Ki mwa/ ki anel]

[Nom fòmatè al]
[Fomatè]
[Nom konpayi a]



Dokiman sa, lè I enprime oubyen sou fòm elektwonik li pa gen okenn valè. Li gratis epi li entèdi pou w vann li.





Mango
.org